
Sempulur

mbangun bangsa lumantar budaya

DINAS KEBUDAYAAN
DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA

Nomor: 27/I-2017



Dhudah-Gugah Sastra Jawa DIY

Gumregah Memangun Santosaning Budaya

- **Pangaribawane Sastra Jawa ing Radhio**
- **DIY nampi Katetepan WBTB paling akeh**

jogja istimewa

Uluk Salam

Sempulur lan Susastra



Salam Budaya.

SAGUNG para maos kang minulya lan luhur ing budi. Kalawarti SEMPULUR sampun kababar malih. Pramila mangga kita tansah muji sokur wonten ngarsanipun Allah SWT dene anggen kita kupiya damel majalah tri wulanan menika tansah pinayungan dening berkahing Gusti. Sedaya wau inggih awit saking panjurungipun para maos lan nara sumber, saha para panyerat ingkang sampun mboten kendhat sami paring panyengkuyung dhumateng SEMPULUR.

SEMPULUR edhisi kamping 3 ing taun 2017 menika mligi ngaturaken andharan lan liputan utama bab susastra Jawa ing tlatah Daerah Istimewa Yogyakarta. Tema menika estu dipun aturaken inggih awit saking ageng pangaribawanipun susastra tumrap mekar lan lestantunipun basa. Sastra cagaking basa. Susastra ugi estu saged dados saka guru pamacaking isi kalawarti, dalasan pinangka bakuning rembag ing pamulangan. Adat lan tradhisi sastra ing tanah Jawa sampun lumampah dangu, sumber-sumber sujarah ugi kathah ingkang mendhet saking pupuh susastra kina, ingkang awujud kitab, babad, lan serat. Dumugi ing jaman samenika, tradhisi susastra taksih lumampah, sanajan inggih saestu saya ringkih lan mboten ngrembaka malih.

Pramila menika, Dinas Kebudayaan DIY tansah ndherek sesarengan ngudi amrih susastra Jawa tansah lumampah ngrembaka, mliginipun dening para mudha. Macapat, sarasehan, pawiyatan Jawa, pamulangan maca nulis aksara Jawa, sayembara novel mawi basa Jawa, temu sastrawan Jawa, pambabaring buku antologi sastra Jawa, ngantos mleber ing pamengkuning basa lan sastra Jawa ing pedhalangan, kethoprak, dhagelan, sandiwara, film, tansah dipun sengkuyung dening Dinas Kebudayaan DIY, wujud program lan kegiatan. Kados padatan, SEMPULUR ugi badhe tansah macak susastra Jawa.

Mangga sami dipun sengkuyung sesarengan mekar lan lestantunipun basa lan susastra Jawa supados kuncaraning budaya tansah sumunar, damel moncering budaya bangsa. Budaya ingkang saged damel mulyaning kawula. Mugi SEMPULUR saged ndherek urun pambyawaraning laku jantraning kabudayaan kawula DIY. Sumangga.

UMAR PRIYONO
Pemimpin Umum/Penanggung Jawab

Ringkes



WBTB DIY **1**
Kabeh cacah 18 warisan budaya takbenda (WBTB) DIY kang wis katetepake dening Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan Republik Indonesia pinangka WBTB Indonesia.



SASTRA JAWA **6**
Mulur mungkrete sastra Jawa ing DIY



WAYANG BEBER **8**
Nonton gelar wayang beber lan gambran putran wayang beber Gelaran.



SANDIWARA RADHIO **22**
Basa Jawa, Sastra Radhio, Sandiwara Radhio, kaandharake dening para winasis ing babagan basal an giyaran radhio.



TETIRAH **41**
Laku tindake Ki Ageng Sela ing Kadiraja



Redhaksi nampa sumbangan tulisan wujud esai lan fiksi cerkak, geguritan, macapat, dongeng, legenda, cerita rakyat, lsp. saka para maos lan sutresna seni budaya Jawa. Tulisan salaras karo misi Kalawarti SEMPULUR. Tulisan diketik 1,5 spasi, font: book antiqua, 3 (telung) kaca, kejaba cerkak 5 (limang) kaca.

Alamat kirim:
redaksi.sempulur@gmail.com
utawa diparingke langsung ing Sekretariat Redhaksi.


(foto-fid)


Pemimpin Umum/ Penanggung Jawab: **Drs. Umar Priyono, M.Pd.** ● Pemimpin Redhaksi: **Erlina Hidayati, S.IP., MM.** ● Wakil Pemimpin Redhaksi: **Suraya** ● Redhaktur: **Dhanu Priyo Prabowo, A.Y. Suharyono, Purwadmadi** ● Penyunting Naskah: **Drihardono, Joko Budhiarto, Ardini Pangastuti** ● Reporter: **Sakiyo, Sumarno, Albertus Sartono** ● Sekretaris Redhaksi: **Satriyo Raharjo** ● Sekretariat: **Uttungga Dewi, Daru Sukendro, Titik Madyaningsih, Trisno Sujadi** ● Layout: **Nathan DP**, **Lathif Cahyono** ● Juru Gambar: **Ifid Khusnul**

Alamat Redhaksi: **Jalan Cendana 11 Yogyakarta, Kode Pos 55166**, Telepon **(0274) 562628**, Faksimili **(0274) 564945**
Website: **www.tasteofjogja.org**, Pos-el: **redaksi.sempulur@gmail.com**

BALE SIGALA-GALA

cergam Mulyantara





Sangkan Paraning Dumadi, mujudake lakune urip utawa jiwa manungsa kang lagi tumurun saka “kana” tumeka ing “kene”, utawa kosokbalene saka “kene” parane menyang “kana”· Iku yen mungguh tumrape wong mlaku, sing mesthi sangkane saka mburi parane menyang ngarep· Sawise tumekan ing paran (ngarep), yen arep marani sangkane (asale) kudu lumaku ambalik· Ananging patrap kang mangoko iku rekasa, jalaran dunung lan dalane wis ora kelingan, becike ngaggo patrap “lumaku ambanjur”· Amarga bawana iku awangun bunder, dadi yen lumaku ambanjur mesthi bakal tumeka ing papan sakawit, suager lakune mau ora “ngiwa nengen”, utawa mampir-mampir golek utangan sangu, utawa ndadak jajan ana ini warung· (SINARENDRA)

Andharan wantah bab Sangkan Paraning Dumadi kasebut bisa dadi pasemon laku jantra uriping manungsa· Cara carane wong urip, jejering manungsa, kang tansah kudu sedhar emut-eling marang sumber asal usul, bibit kawit, mula bukane diparingi gesang lan pagesangan· Uga sinartan sedhar emut-eling marang purug-lampah paran kang bakal katuju, lan bisa tumekan papan kang gumathok ing tembe burine· Kabeh kang dumadi ing ngalam donya iki, karakit nyawiji kalawan dununge sangkan lan paran· Mula, Sangkan Paraning Dumadi asring katelah tembung kang kebak ing wulang luhung lan ngemu wasita sinandi· Bisa minangka teken-adeg sanguning ing ngaurip· Urip tansah sarwa eling marang kabeh kang dumadi ing purwa, madya, lan wusana·

ISSN 2085-2673
9 772085 267005
www.tasteofjogja.org

Warisan Budaya Takbenda DIY Bakal Tansah Kaudi Lestarine



Gubernur DIY tampi tandha kurmat saka Mendikbud RI minangka Propinsi kang paling akeh antuk katetepan WBTB. (foto-dok Disbud DIY) |

GUBERNUR DIY, Sri Sultan Hamengku Buwono X paring dhawuh supaya Dinas Kebudayaan DIY tansah ngudi panaliten kanthi permati warisan-warisan budaya, nganti tinemu wujud lan bobot kang otentik (asli), amarga warisan budaya luhur iku ora kena padha dilalekake. Taun iki, 18 kang katetepake pinangka WBTB nasional. Pancen gunggunge paling akeh tinimbang kang bisa kagayuh dening propinsi liyane. Nanging, gunggung iku isih bisa kaundhakake amarga miturut dhata, akeh banget karya warisan budaya masarakat DIY. Sultan HB X uga ngajab, kabeh WBTB kang wus katetepake langsung bisa tansah direksa lestarine. Kudu tansah ana bacute lan ora mung mandheg ing paring panetepane bae.

Sertifikat WBTB 2017 cacah 18 iku kaparingake Menteri Pendidikan dan Kebudayaan, Muhadjir Effendy lan katampa langsung dening Gubernur DIY ing Gedung Kesenian Jakarta, tanggal 4 Oktober 2017 kepungkur. Kepala Dinas Kebudayaan DIY, Drs. Umar Priyono, M.Pd. rumangsa mongkok penggalihe, dene kridha budaya masarakat DIY kaparingan kawigaten lan katetepan kang gumathok pinangka WBTB nasional. Mula rasa bombong iku kudu sinartan niyat, karep, lan kridha kanggo ngundhakake panguparaning kabeh karya budaya kang ana.

Ing dina pahargyan paringin Sertifikat WBTB Nasional iku, DIY cecawis unjukan wedang uwuh, Unga ngaturake lelangen tarian rakyat Panjidhur saka Kulonprogo, dan tarian klasik Beksan Bandabaya (Pura Pakualaman), lan Srimpi Rangga Janur (Kraton Yogyakarta). Nalika iku uga kaaturake pepacake WBTB saka propinsi ing Indonesia. **(pdm)**

- **Taun 2017, 18 karya budaya ing DIY katetepake dadi Warisan Budaya Takbenda (WBTB) dening Pemerintah Republik Indonesia**


- **Tumekan saiki, wis 40 WBTB DIY kang kaparingan Sertifikat Pengakuan WBTB Nasional.**

- **Kabeh karya budaya kang katetepake WBTB Nasional, dening Menteri Pendidikan dan Kebudayaan bakal kadhaftarake menyang UNESCO supaya katetepake dadi *heritage* dunia.**

Katagori Seni Pertunjukan:
1.Wayang Topeng Pendhalangan
2.Panjidhur
3.Mantra
4.Beksan Badabaya
5.Srimpi Rangga Janur
6.Beksan Lawung Ageng
7.Srandhul
8.Dhadhung Awuk
9.Rinding Gubeng
10.Badui
11.Kuntulan
12.Krumpyung
13.Tari Golek Menak

Katagori Adat dan Istiadat Masyarakat:
14.Ritus Jabang Bayi
15.Ritus Tatacara Palakraman

Katagori Kemahiran dan Kerajinan Tradisional:
16.Blangkon
17.Wedang Uwuh
18.Tenun Serat Gamplong





Beksan Bandabaya nalika kagelar ing perayaan katetepan WBTB ing Jakarta (foto-dok Disbud DIY) |

BRUNJUNG

Tansah Sinau Legawa Dikritik

NGAYOGYAKARTA kuwi salah sijine punjer budaya Jawa, kalebu sastrane. Iku bisa kasemak saka naskah-naskah Jawa sing kasimpen ing sauntara perpustakaan lan museum ing Ngayogyakarta. Naskah-naskah Jawa klasik mau malah uga wus digawe katalogus-katalogus dening para panaliti sastra Jawa saka njaban rangkah lan njeron rangkah. Katalogus sing isine macak sakehing naskah lan isine bisa aweh pituduh yen sastra Jawa iku "sugih", sugih mungguhing ilmu (pengetahuan) lan piwulang.

Sanajan saiki wus jamane jaman modheren, ewa semono kawigatene masyarakat Ngayogyakarta isih bisa digoleki tabete. Akeh yasan-yasan sastra Jawa, embuh iku gagrak lawas (macapat) utawa gagrak anyar (crita cekak, geguritan, novel, esai) isih padha diserat dening sing kesdu (pengarang/panggurit). Sauntara majalah basa Jawa kayata Panjebar Semangat lan Jaya Baya (Surabaya), Djaka Lodang, Pagagan, lan Sempulur (Ngayogyakarta) sarta anane cithakan buku-buku sastra Jawa bisa kanggo bukti tekan ngendi tebane sastra Jawa, kalebu ing Ngayogyakarta.

Mula anane pahargyan Temu Karya Sastra Jawa sing wus sauntara tansah diadani dening Dinas Kebudayaan Daerah Istimewa Yogyakarta, kalebu ing wulan Oktober 2017, saya nelakake yen sastra Jawa ing Ngagyakarta iku tansah gumregut ngendhangi ajune jaman lan kahanan. Ananging, satemene sastra Jawa laras karo nut jaman kelakone iku ora mung cukup bisa ditulis lan banjur "dibiwarakake" lumantar majalah utawa buku bae. Lire, isine sastra Jawa iku kudu nduweni "bobot" sing "rasa Jawane" bisa disurasa. Sastra Jawa "kudune" ora waton "dicritakake" utawa "dianggit" nanging uga kudu tansah ditulis adhedhasar "mutune" sing mentes. Iku kabeh bisa kaleksanan menawa pengarang sastra Jawa gelem sinau bab apa bae sing bisa ngundhakake kabisane ing babagan nulis (kalebu teknike nulis) sarta ora alergi karo kritik (panyaruwe). Awit tanpa tansah gelem sinau lan legawa karo kritik tundhone sastra Jawa mutune dadi kurang maremake. Gelem nampa rong prakara mau dadi saranane sastra Jawa sing bisa "diakoni" dan "diwaca" dening masyarakat jaman saiki. Aja "rumangsa" yen wus bisa nulis sauntara karya banjur wus gamben.

Supaya sastra Jawa ora mung gumantung marang "mitos" adiluhung, mula pengarang sastra Jawa jaman saiki (gagrak anyar) kudu tansah bisa mbuktekake alelantaran karyane sing duweni nilai. Acara Temu Karya Sastra Jawa tumrap para pengarang ing wewengkon Ngayogyakarta becike ditegesi minangka ajang kreatif kanggo ngundhakake kabisane

MIRUNGGAN

PAWIYATAN JAWA

Maca lan Nulis Aksara Jawa




Para Tutor lan Calon Tutor Pawiyatan Jawa uga asung tembang nalika upacara pambukaning pilot project Pawiyatan. (Foto-dok Disbud DIY) |

"Yogya Renaisans" utawa "Yogya Gumregah" tumuju marang dumadine kahanan anyar, dadi visi lan misine Gubernur DIY, Sultan Hamengku Buwono X. "Yogya Gumregah" dadi laku pangudine para warga masarakat, kalebu para winasis, budayawan, lan para kang tansah nawung kridha budaya. Mligine budaya Jawa, budaya Ngayogyakarta. Pamarsudining Jawa basa uga padha antuk kawigaten kang gedhe, ing antarane gawe pamulangan maca lan nulis aksara Jawa.

Aksara Jawa sampun awis-awis dipun ginakaken, saya kathah tiyang Jawa ingkang "wuta aksara" Jawa. mBoten ngemungaken lare-lare enem, kathah tiyang sepuh ingkang sampun mboten saged malih maca lan nulis Jawa. Supados aksara Jawa mboten cures, basa lan aksara Jawa dipun gresengaken mawi pambabaring wulang aksara Jawa ing tengahing masarakat, ing kampun-kampung lan karang padhusunan. Mliginipun kangge kadang wiranem lan lare-lare alit.

Nggayuh ngrembakaning aksara Jawa minangka mustikaning kabudayan, Dinas



| Bocah-bocah siswaning pamulangan "Memetri Wiji" nembe pada caos panembrama (foto-dok Disbud DIY)



Para siswa "Memetri Waji" padha gegulang ing dolanan tradhisional. (foto-dok Disbud DIY) |

Kabudayan DIY ing sasi Mei 2017 wus paring panyengkuyung marang Pawiyatan Jawa "Pemetri Wiji" Dhusun Tamanan, Taman Martani, Kalasan, Sleman minangka pamulangan/pasinaon budaya Jawa kang tuwuh mandireng saka masarakat. "Pametri Wiji" mau dipangku lan diwengku dening brayate Ibu Sumarsih lan rayi-rayinipun, kalabet Bapak Tri Joko Saptono.

Pawiyatan "informal" kasebut duwe tujuwan ndhedher kadher wira mudha anggone ngrungkebi budaya Jawa. Udakara 30 wira mudha Dhusun Tamanan, dumadi saka siswa SD, SMP, lan SMA sing padha melu sinau kanthi lelahanan. Pawiyatan mau minangka sawijing "Pilot Projek" Dinas Kabudayaan Daerah Istimewa Yogyakarta.

Kepala Dinas Kebudayaan DIY, Drs. Umar Priyono, M.Pd. suka katerangan yen Pawiyatan Jawa "Pametri Wiji" mau ora ngango wara-wara sing ora wigati, nanging langsung tumindak, cetha, lan nyata. Kanggo mranata supaya pawiyatan bisa ngrembaka saindhenging DIY, mula ing samengkone, "Pametri Wiji" diajab bisa dadi modhel pawiyatan Jawa ing papan liyane.

Diangkah, wulangan maca lan nulis aksara Jawa kanggo bocah-bocah mau suwene sajroning nem sasi. Mlebu kaping telu saben minggune. Dinas Kebudayaan DIY uga wus paring gladhhen marang 30 pawongan kang tembene bakal ngayahi minangka guru tumrap para calon guru ing Pawiyatan Jawa sa-DIY. Para calon guru panggladhi mau uga sinau mulang ing "Pametri Wiji" lan ngecakake draft silabi Pawiyatan Jawa.

Miturut Sigit Sugito, panggagas ananing Pawiyatan Jawa, wektu iki wus cumawis buku "WASIS MACA LAN NULIS AKSARA JAWA", kang karangkum saka workshop para tutor lan para pakar Basa Jawa kayata Prof. Dr. Pranowo, M.Pd. Dr. Hendro Kumoro, M.Hum, Purwadmadi, Maria Kadarsih, Paksi Raras Alit, Hazwan Iskandar Jaya lan para guru MGMP Bahasa Jawa DIY. "Pilot Proyek" ing Kalasan iki kaangkah bisa aweh pratandha bakal tumangkare Pawiyatan Jawa ing tember mburine. **(ssg)**

Mulur Mungkreting Kahanan Pambiwaraning Sastra Jawa

MBOKMENAWA tetembungan kuwi sing pas, kanggo nggambarake jaman rejane basa lan sastra Jawa ing laladan Ngayogyakarta dalah Jawa Tengah lan Jawa Timur. Maneka warna penerbitan terus tuwuh, tabloid, majalah, koran tumekane buku sing awujud novel basa, gilir gumanti ngregengake jagad uripe basa dan sastra Jawa iku isih dikantheni sastra sing lumantar radhio, kaya dene wacan buku, novel, sandiwara dhaerah. Taun 1950 tumekane 1980 kena diarani mujudake sawijining "Jaman Keemasan" tumrap basa lan sastra Jawa.

Bab mau mesthi wae mangaribawani kuncarane para pengarang sastra Jawa dalah paragane. Abas CH, upamane, sastrawan Jawa sing wis swargi iku kawentar jroning maca novel basa Jawa dalah crita cekak sing dipacak ing medhia basa Jawa. Lumantar radhio Retjo Buntung, saben dina Abas CH macakake karya sastra mau kanthi sampurna yen ana rembug sing omong wanita olehe omong Abas CH uga nirokake swara wanita. Semono uga swara priya, simbah-simbah, bocah cilik, prasasat kabeh bisa ditirokake. Dadi ora mokal, manawa acara waosan buku tansah ditunggu pandhemene. Kejaba nglipur uga menehi wewarah.

Banjur RRI Stasiun Yogyakarta, saben minggu bengi nyiarake sandiwara basa Jawa. Sumarjono, sing dadi sutradhara kanthi temenan anggone nggarap naskah mau, kuwi lagi sapletik conto isih akeh radhio swasta sing wektu semana padha ngisi siaran. Siaran sandiwara basa Jawa RRI diwiwiti jam 22.15 utawa sawise warta berita saka RRI Pusat Jakarta. Ing saben pos rondha, omah-omah sing ana radhione, prasasat wiwit sore wis padha ngenteni adicara sing disenengi mau.

IIng jagad buku novel basa Jawa uga ora kalah moncer, pengarang sing asmane Any Asmara temen-temen prodhuktif. Prasasat saben sasi mesthi ngetokake karyane, saka sakehing karyane sing kawentar yaiku buku novel sing asesirah



Sastra Jawa kaudi lan ginarap dadi sandiwara radio. Katon nalika padha rekaman naskah sandiwara radio basa Jawa ing studio. (foto-dokumen Maria Kadarsih) |



Sastra Jawa kaudi lan ginarap dadi sandiwara radio.
Katon nalika padha rekaman naskah sandiwara radio basa Jawa ing studio.
(foto-dokumen Maria Kadarsih) |

saka Surabaya. Pak Parto ngono biasa diaturi klebu pengarang sing uga prodhuktif lan sing kawentar yaiku buku novel kang asesirah *Kadurakan Ing Kidul Dringu*.

Kejaba iku isih akeh maneh sastrawan Jawa sing wektu semana produkhtif kaya dene Sudarmo KD, Tamsir AS, Ronggawarsito, banjur Utomo DS piyambake nganggo jeneng samaran Any. Novele uga terus mbubrul, lan sing paling kondhang yaiku novel sing asesirah *Grombolan Jaket Abang*. Wusana Utomo DS. alias Any mbabar Koran Minggu Basa Jawa sing dijenengake Kembang Brayan sing wektu semana kantore mapan ing Jl. Taman Garuda utawa persise salore Hotel Garuda. Pancen mung salembar koran utawa 4 halaman, macak sawernaning warta lan sastra Jawa.

Ora let suwe mencungul majalah basa Jawa maneh, yaiku kanthi jeneng *Djaka Lodhang* sing wektu semana wujude uga koran minggon. Medhia loro iku mau saya nambahi grengsenge medhia Basa Jawa awit sadurunge pancen wis ana majalah *Mekar Sari* kang diayomi Koran *Kedaulatan Rakyat*. Pranyata Jakarta ora gelem kalah awit uga nerbitake majalah basa Jawa sing jenenge *Damar Jati*. Dene Surabaya ana loro majalah Basa Jawa yaiku *Panjebar Semangat* lan *Jaya Baya* dene Solo uga ana kang jenenge koran minggu *Pari Kesit*, ana majalah siji maneh yaiku majalah Kunthi njupuk jeneng ibune para Satriya Pandhawa.

Koran minggu *Kembang Brayan* ngedegake paguyuban kanggo para penulis sing dijenengake Paguyuban Brayan Mudha, kegiatane yaiku nulis Sastra, pentas, lan liya liyane. Prasasat saben minggu padha kumpul kanthi mangkono wektu samana kahanane pancen regeng, ing Jl. Taman Garuda ana kegiatan sastra Jawa, dene sisih kulone utawa penere dalan Malioboro uga ana kegiatan "Persada Study Klub" utawa P.S.K duweke koran mingguan *Pelopor Yogya* sing padha aktif ing kegiatan olah sastra Indonesia.

Salaras karo lakune wektu, kahanane sastra Jawa saya mbleret. *Kembang Brayan* tutup kesusul *Pari Kesit*, *Damar Jati*, lan *Kunthi*. Dene *Mekar Sari nyawiji* karo koran *Kedaulatan Rakyat*. *Djaka Lodang* saya maju, sekawit wujude koran wusana dadi majalah kaya saiki, semono uga *Panjebar Semangat* lan Jaya Baya nganti saiki isih urip lestari.

Kanggo nguripake sastra Jawa sing mbleret, Balai Bahasa Yogyakarta nyoba ngurip-urip kapurwakani ngadani patemonan "Temu Sastrawan Pembaca dan Penerbit", banjur ngadegake Sanggar Sastra Jawa sing kegiatane nulis sarta, pentas sastra Jawa. Kejaba iku uga nerbitake majalah Basa Jawa *Pagagan* papan kanggo ajar Nulis Sastra Jawa. Nganti titiwanci iki Sanggar Sastra Jawa isih lestari, semono uga *Pagagan*. Bab mau digrengsengake terbite majalah Sempulur saka Dinas Kebudayaan DIY.

Senajan titi wanci iki penerbitan medhia Basa Jawa lan kegiatan sanggar winates, muga-muga tetep lestari. Ora mung S.S.J.Y lan Triwida, nanging bisa medhia lan sanggar sastra Jawa liyane bisa bali ndrebala, ngono!. **(aye)**



Ki Slamet Haryadi, dhalang Wayang Beber (foto-fid) |

Wayang Beber Bejiharjo

Diputrani Dinas Kebudayaan DIY

AWAN iku panas hawane. Awal Agutus 2017. Jrambah Pendhapa Bale Desa Bejiharjo, Kecamatan Karangmojo, Kabupaten Gunungkidul wis kebak para tamu. Dhalang, pesidhen, lan pradangga wis samekta ing karya. Nanging wayang beber pusaka kang bakal kagelar awan iku, isih ana ing paleremane, daleme kaluwarga kang kagungan. Kaluwarga lan kang kagungan kersa gelar wayang beber pusaka isih padha rakit donga kinathen uba rampe sajen sarat srana jangkeping pambukaning wayang pusaka. Wayang Beber lakon Panji Remeng tinggalane para ngaluhur.

Ing Bale Desa Bejiharjo uga wis dipacak wayang beber putran Wayang Beber Gelaran, Bejiharjo, kanthi jangkep kaya blak asline. Wayang Beber putra kaserat ing kanvas, ora ana ing daluwang. Digawe persis kaya asline dening Ki Utoro Wijayanto, dalang saka Kabupaten Sleman awit dhawuhe Dinas Kebudayaan DIY. Bareng karo rampung anggone mutrani, banjur wayang beber Panji Remeng utawa Ki Mangunjaya sedya kagelar ing tengahing pendhapa. Mula nalika rombongan wayang beber saka Gelaran wis tumeka Bale Desa Bejiharjo, bareng karo tumekane ubarampe sajen, banjur enggal kagelar premana.

Wayang Beber pusaka pancen wus tuwa umure. Kahanan kertas utawa daluwang wis ringkih. Saperangan wis pinangan ngenget, rusak bolong-bolong. Nanging wernaning cat katon ora luntur. Cara pangrumate wayang beber kanthi ginulung. Mangkono uga nalika kagelar. Dhalang kudu nggelar lan nggulung gambar wayang. Mula dhalang dibantu wong loro ing kiwa lan tengen. Tugase, gelar lan gulung wayange. Gadheng wayang beber asli Gelaran wis ringkih mula anggone mbabar crita, gelar lan gulung, ditindakake kanthi ngati-ati. Wayang Beber cukup kagelar, jinereng ngiwa nengen, banjur dhalang weneh janturan, suluk, pocapan, lan gunem. Gendhing karawitan lan sindhenan terus tanpa kendhat. Sanajan hamung wujud gambar lembaran nanging penonton tetep remen mriksani kanthi premati.

Kaluwarga Ibu Rubiyem, ahli warise, lan putrane Wista Utomo, kang wektu iki ngrawat wayang beber warisan kaluwarga turun-temurun. Gulungan wayang cacah 8 nanging ora kabeh pareng dibukak. Sing isih genep kacaritaake, lakon Ki Mangunjaya utawa Panji Remeng. Ki Slamet Haryadi kang awan iku madeg dhalang. Dinas Kebudayaan DIY wus kasil mutrani kabeh lan saiki dadi dokumen lan arsip kang wigati. **(fid)**

Pak AR Bab Tembang Macapat

TAHUN 1992, Masyarakat Poetika IKIP Muhammadiyah Yogyakarta, tembayatan bareng karo Bentang Yogyakarta, mbabar buku atetenger "Sekar Sari Kidung Rahayu" (Sekar Macapat Terjemahan Juz'Amma) kandele 103 kaca, anggitanipun Achmad Djuwahor Anomwijaya. Buku iku diparingi ater-ater (pengantar) dening KH AR Fachruddin, ulama lan Ketua Umum PP Muhammadiyah nalika iku. Kanggo jangkeping laporan Mirungga SEMPULUR edhisi iki, Redaksi nyoba nyalin pengantare Pak AR nganggo basa Jawa.

Ater-ater Saka Pak AR Fachruddin

ANA ing Al Qur'an, surat An Nahl ayat 125 kasebut,

ادْعُ إِلَىٰ سَبِيلِ رَبِّكَ بِالْحِكْمَةِ وَالْمَوْعِظَةِ الْحَسَنَةِ

"Ajak-ajaka kowe kabeh marang marganing Allahmu kanthi ilmu (kawicaksanan) lan pitutur kang becik".

Banjur ing Hadits, Nabi Muhammad SAW ngendika,

حَدِّثُ النَّاسَ بِقَدْرِ عُقُولِهِمْ

"Ngomonga karo dheweke laras karo endhek dhuwuring pamikire".

Kita wis padha ngerti, Tembang Macapat salah sawijining seni budaya Indonesia, mligine Jawa, kang tumekan saiki isih diremeni dening masarakat. Anane Tembang Macapat isih katampa kanthi becik dening masarakat.

Muhammadiyah nalika mbiwarakake dakwah ing karang pradesan isih nganggo tembang Macapat. Anggone migunakake Macapat iku supaya apa bae kang digendikake para mubalek Muhammadiyah gampang ditampa dening masarakat. Dadi, dhakwah nganggo tembang ora cengkah kalawan maksud ajaran agama.

Magepokan karo pambabare buku "Sekar Sari Kidung Rahayu", anggitane Achmad Djuwahir Anomwidjaja, kang isi tembang-tembang Macapat terjemahan surat-surat ing Juz'Amma, aku melu seneng. Sebab, pambabaring buku iki saya nambah bothekane budaya kita, kang ora pisah kalawan jiwa agama kita.


Aku mung duwe rasa eman, buku tembang Macapat iki ora dijangkepi teks (huruf) Arab lan teks latin saka ayat-ayat kang terjemahane tinulis wujud tembang iki. Saumpama buku iki dijangkepi teks Arab lan teks latin saka Juz 'Amma mesthi bakal luwih apik maneh. Para sedulur kang padha kepengin ngaji lan ngudi marang sejatining makna, kanthi maca lan naliti buku iki bakal luwih krasa gampang. Ing pangajab, muga-muga ana ing babaring cetak buku sateruse, teks Arab lan teks latin bisa melu kapacak.

Aku uga duwe pangajab, muga-muga buku iki antuk kawigaten saka masarakat kang isih padha wanuh lan remen marang Macapat. Aku uga nyuwun para dai lan mubalek kang dhakwah ing desa-desa, utawa ing kutha-kutha saindenging tanah Jawa lan papan transmigrasi, uga ing ngendi bae kang masarakate isih seneng tembang, bisa nanggo buku iki.

Muga-muga, kita kalebu dai lan mubalek kang paring dhakwah kanthi kawicaksanan, piturur kang becik, lan tansah paham marang taraf pikir masarakat ing papan anggon kita dhakwah, kaya kang kasebut ing ayat Al Qur'an lan Hadist Nabi ing pambukaning andharan iki.

Muga Allah tansah ridla marang kabeh kang kita tindakake
Amin

Yogyakarta, 5 Desember 1992
KH AR FACHRUDDIN





Bagas Nur Satwika (foto-fid)

Bagas Nur Satwika

Dhalang Bocah Pinunjul

DHALANG cilik, durung kliwat 15 taun umure, kadhawuhan mbabar kaprigelan lan kawasisane anggone dhepani pakeliran wayang purwa gagrak Ngayogyakarta. Wengkuning gati pasang giri pamilihe bae ora baen-baen, "Aplikasi Nilai-nilai Budaya Luhur di Masyarakat: Pergelaran Wayang Kulit Gaya Yogyakarta". Gedhe tenan tekade Pemerintah DIY anggone bebarengan ngudi ngrembaka lan lestarining seni pedhalangan.

Bocah kang kadhawuhan madeg dhalang ana lima cacahe, utusan Kabupaten/Kota. binarung iring ungeling gangsa lan sindhenan. Ora nyana, saiki saya akeh bocah, seneng lan bisa gegulang pakeliran. Saben Paguyuban Dhalang Mudha Sukra Kasih mbabar ringgit sedalu natas ing Pendhapa Dinas Kebudayaan DIY uga tansah kapucuki dening dhalang cilik. Pranyata, para kadang dhalang uga kagungan longgaring penggalih ngirid lan tetular kabisane kridha ing pakeliran marang para bocah.

Kabeh kang dherek ing dina pamilih dhalang bocah iku, wis kagladhi lan kadombani dening para dhalang sepuh, uga dhalang-dhalang mudha ing wewengkon sacedhake. Tegese, dhalang sepuh padha cawe-cawe amrih tansah dumadi anane lir gumantining dhalang saka kang sepuh marang kang mudha, saka kang mudha marang para bocah. Para dhalang wis pada ngudi kadherisasi.

Ebenheser Wahyu Armanto (Kota Yogyakarta), Hilmy Maulana Adi (Kulonprogo), Arifatur Ikhsan Bayu Pradigtya (Gunungkidul), Muhammad Zaki Kaditama (Sleman) lan Bagas Nur Satwika (Bantul) padha mempeng anggone caos pasugatan pakeliran ringkes. Kabeh katon gawe mongkok lan bombonge para asepuh, dene para bocah wus katon bakat lan kaprigelane mbabar lakon nganggo wayang purwa. Malah wis katon uga padha wiwit bisa ngenut wiramaning gendhing. Kabeh wis katon memper kapiarsa.

Kang sasap, Bagas Nur Satwika saka Kabupaten Bantul, kautus Pemerintah DIY maju neng Jakarta melu pasang giri patembaya ing Festival Nasional Dalang Bocah, Jakarta. Seleksi dhalang ing DIY kaadani (23/8) dening Dinas Kebudayaan DIY makarya bareng karo Persatuan Seni Pedalangan Indonesia (Pepadi) DIY. Saben taun tansah ajeg kagelar lan banjur kautus tandhing ing tataran nasional. **(fid)**

UMAR SAIMIN

Ngladeni kang Padha Ajar Sesorah

UMAR Saimin, sinawang isih katon timur. Pelestari kabudayan Jawa. Pensiunan guru, lair 6 Februari 1945, katon bagas waras, yuswane wis ndungkap 72 taun. Umar Saimin, sejatine lulusan IKIP Negeri Yogyakarta Jurusan Administrasi Pendidikan. Wiwit 1 Maret 1965 wis dadi guru PNS SD Negeri Sumber, Berbah, Sleman. Kejaba mulang ana ing SD Negeri, Umar Saimin uga mulang ana ing sekolah swasta, kalebu ana ing SPG Muhammadiyah Berbah. Patang puluh taun Umar Saimin ngabdi marang negara. Purna tugas taun 2005.

Wiwit isih dadi guru, Umar Saimin wis kulina dijaluki tulung dadi panata cara, sesorah, nganti tekan nembungke utawa nglamarke manten.

Sauwise pensiun, dening Krido Prayitno, Camat Berbah nalika iku, Umar Saimin disengkuyung supaya ngreksa pawiyatan basa Jawa, mligine ing babagan panata cara lan sesorah.

Umar Saimin gumregah. Gage-gage Umar Saimin gawe buku gladhi basa Jawa. Umar Saimin sinau menyang Balai Bahasa Yogyakarta, uga nyinau Kamus Basa Jawa WJS Purwadarminta, lan nyantrik marang dosen UNY Prof. Soewarno Pringgowidagdo. Udakara 2 tahun bukune dadi, njuk diwenehi sesirah "Tuntunan Kangge Para Pamedhar Sabda lan Panata Cara Jawa".



Wondene pawiyatan diwiwiti udakara tahun 2009. Pawiyatan kuwi dijenengi Gladhi Basa Jawa KIM (Kelompok Informasi Masyarakat) Kandha Yuwana. Murid-muride duwe profesi warna-warna. Ana sing guru, petani, montir, penjahit, sopir, tukang sampah, camat, lurah, malah saka TNI ya ana. Gladhen dianake seminggu kaping pindho. Saben gladhen wantara 1 jam nganti 2 jam. Kabeh muride sing lulus padha diparingi partisara (piagam) sing disumerepi dening Kepala Dinas Kebudayaan Sleman. Gladhen dianake suwene 3 wulan. Saiki lulusane wis atusan lan isih kerep sesambungan lumantar Paguyuban Kandha Yuwana.

Kejaba sinau basa Jawa, para murid uga sinau babagan unggah-ungguh. Amarga miturut Umar Saimin, basa Jawa uga ngemu piwulang tata krama sing adiluhung. Basa Jawa ora bisa dipisahke karo subasita ing kabudayan Jawa. Kawigaten Umar Saimin marang kabudayan Jawa ora mung ana ing babagan basa. Umar Saimin uga nganake gladhen Macapat lan nulis aksara Jawa. Nganti seprene Umar Saimin kepara isih dadi ketua paguyuban macapat Kecamatan Berbah lan pengurus ana ing kabupaten.

Miturut penemune Umar Saimin, kabudayan Jawa yen ora diuri-uri klakon sirna. Kanggo ngrembakaake kabudayan Jawa, bisa diwiwiti kanthi kulina migunaake basa Jawa saben dinane ana ing kaluwarga. Kulina nganggo busana Jawa ora ketang ora saben dina. Kulina ngrungoke, sukur yen bisa nembangke macapat. Lan bab-bab liyane sing sesambungan karo budaya Jawa. Miturut Umar Saimin, senajan masarakat wis akeh sing sinau basa manca, kudune aja nganti lali marang basa Jawa. Aja nganti wong Jawa ilang jawane.

Sak suwene nggegulang basa Jawa kanggo masarakat, akeh bab-bab sing gawe bungah kanggone Umar Saimin. Kena diarani ora ana bab-bab sing nguciwani. Ananging Umar Saimin duwe pengarep-arep, pemerintah gelem paring pambiyantu ragad. Supaya siswa-siswa pamulangan basa Jawa bisa sinau tanpa ragad utawa gratis. Umar Saimin ora selak, pamulangan basa Jawa tetep mbutuhke ragad, mligine kanggo nyetak buku. **(kpb)**

Gendhuren Rakyat

Pengetan 5 Tahun UUK

NGARSA Dalem Sri Sultan Hamengku Buwono X, kersa tedhak ing Pasar Beringharjo saperlu suka nyawiji rumaket bebarengan para kawula, kang padha ngadani "Kenduri Rakyat Istimewa" ing satengahing Pasar Beringharjo. Kepara anggone Ngarsa Dalem rawuh sarimbit sesrengan Gusti Kanjeng Ratu Hemas. Para bakul pasar, rumangsa nampa kanugrahan, dene Ngarsa Dalem dalasan Kanjeng Ratu kersa kampir lenggah ing pasar.

Mula para bakul pasar padha regudukan nyelak lan caos pakurmatan, kanthi jawat asta. Para bakul pasar padha nganggo busana Jawa, pindhane arep padha sowan ngabyantara. Para bakul pasar lan warga kang suka ndherek gendhuri pada jejer antri rapi lan tertip nunggu kebageyan jawat astane Ngarsa Dalem lan Kanjeng Ratu. Kepara kang ora kumanan jawat asta pada matur kanthi nyebut, "Pak Sultan, Pak Sultan ....salim Pak Sultan ... salim."

Keduri Rakyat, iku mirunggan gagasaning warga kanggo mahargya pengetan wis genep limang taun Undang-undang Nomor 13 Tahun 2012 tentang Keistimewaan DIY. Rakyat padha golong gilig nyawiji bebarengan ngadani "Kenduri Rakyat" ing tengahing Pasar Beringharjo (31/8). "Kenduri Rakyat" disuhi dening Dinas Kebudayaan DIY kang katindakake Tim Pokja Keistimewaan. Sultan HB X kersa rawuh lan banjur sapatemon karo warga kang wis padha adreng anggone enggal-enggal wawan atur, ngadhang dhawuh pangandikan Sultan.

·Sri Sultan : keistimewaan kudu tansah dadi watak wantuning warga DIY



Sri Sultan HB X kersa wawan pangandikan karo para pasarta Kenduri Rakyat (foto-fid) |



Suwasana nalika Kenduri Rakyat enggal kawiwitan sawuse Ngarsa Dalem tedhak ing Beringharjo (foto-fid) |

Ngarsa Dalem paring sabda pamengku, babagan keistimewaan iku dudu winates ing babagan status tengara dhaerah istimewa wae, nanging kang temen iku istimewa tumrap watak wantu, pola pikir, lan kridha tandanging masarakat DIY. Istimewa iku ngemu teges, warga masarakat DIY kudu pinunjul, dadi bisa warga kang paling apik, antarane paling resik, paling tertib, paling pinter,paling disiplin, paling jujur, lan sapanunggalane.

Semangat keistimewaan kudu tansah dadi piandel gemblenging warga anggone nyawiji bebarengan memangun praja. Bobot integritas masarakat DIY dadi babagan wigati kang kudu tansah kajaga dening warga, keistimewaan iku kudu tansah dadi srana murih mulyaning kabeh kawula. Wengkuning gati Kenduri Rakyat yaiku, "Menenguhkan Keistimewaan DIY untuk sebesar-besarnya Kemakmuran Rakyat", keistimewaa kanggo kamulyaning kawula. Cundhuk kalawan iku, mula gendhuri diadani ing tengahing pasar, papan panggonan kan saben dinane kanggo kridhaning laku dagang.

"Pasar iku perlambang kesejahteraan rakyat. Cundhuk karo ancas tujuane Keistimewaan, yaiku tumuju marang kamulyaning kawula," ngendikane Erlina Hidayati, Kabid Sejarah, Bahasa dan Sastra Dinas Kebudayaan DIY. Pengetan katetepan Undang Undang Keistimewaan, taun kepungkur kanthi seminar, ing taun 2017 diadani gendhuri rakyat. "Gendhuri iki pinangka wujud manunggaling kawula Gusti, rakyat lan Ngarsa Dalem, kang tlonjonge gawe gambaran nyata yen UUK iku satemene tumuju kanggo makmuring kawula," ngendikane Erlina Hidayati.

"Kenduri Rakyat" kaadani mapag tumekane Hari Raya Korban. Mula, ora ana dhaharan kang cumawis amarga caos pakurmatan marang kang padha ngayahi siam Arofah. Nanging, warga kang ndherek gendhuri tansah gumregah, grengseng lan kitmat panindake. Para warga uga kaparingan langen musik keroncong lan dagelan gegojekan dening Marwoto lan Yati Pesek. **(fid)**

Susastra Jawa ing DIY

Bakal Tetep Gumregah?

·SASTRA JAWA, satemene banget bawera, jembar tebane, adoh parane, lan majilma ing sadhengah papan, nyawiji manunggal kalawan urip padinane manungsa Jawa ing rina lan wengi. Sastra Jawa tetep isih dadi patrap padinan, nyawiji manunggal ana ing pasrawungan lan uga kaagem ing adicara adat tradhisi kang mirunggan.

EMANE, kaprah ing penganggep, sastra Jawa iku hamung winates babagan sastra modheren wujud geguritan lan carita cekak apadene novel/roman. Malah kepara ana kang duwe penganggep sastra Jawa trima disebut sastra panglipur wuyung. Malah, padha gawe perangan, sastra cakrik modheren linawanake karo sastra tradhisional, kuno, lan lawasan. Sastra tradhisi banjur ora kaanggep, bera ora kopen, lan padha katinggal.

Kamangka, prosa lirik, parikan, paribasan, macapat, sindhenan, senggakan, dongeng lisan, dongeng legendha, gugon tuhon, lirik mantram ritus apadene reruwat, lirik kekidungan, tembang uran-uran, tembang dolanan, naskah janturan, pocapan, gunem antawecana, naskah lakon pendhalangan, lakon kethoprak, lakon sandiwara, gendhing-sindhenan srimpi bedaya, serat babad, jangka lan primbon, penanggalan lan pawukon, lan liya-liyane, uga ngugemi pakem wiramaning sastra.

Saiki, masarakat DIY katon saya ngrengseng anggone padha marsudi basa Jawa, sastra Jawa, lan uga aksara Jawa. Mesthi wae, ora ketinggal bab "sastra tradhisi". Nanging, "sastra Jawa modheren" lan "sastra Jawa tradhisi" tumekan saiki isih kuclem, durung moncer kuncara. Masarakat satemene uga tansah ngudi amrih mekar lan ngrembakaning susastra Jawa kanthi cara gegathuk nyawiji ing adat tradhisi masaraka. Para reporter SEMPULUR caos palaporan bab anggone masarakat padha marsudi ing budaya Jawa, mligine ing babagan basa lan sastra Jawa. **(red)**

SSJY, Ngumpulke Balung Pisah

Mengku lan Mangku Para Mudha

SANGGAR Sastra Jawa Yogyakarta (SSJY) lair 12 Januari 1991 awit saka prakarsane para punggawa Balai Bahasa DIY, yaiku Sri Widati, Ratna Indriani, Dhanu Priyo Prabowo, Herry Mardianto, lan Tirto Suwondo, kawiwitan saka adicara "Temu Pengarang, Penerbit, dan Pembaca Sastra Jawa" sing diadani ing Purna Budaya, Bulaksumur, Yogyakarta (saiki Pusat Kebudayaan Koesnadi Hardjasoemantri) dhek taun 1990. Acara kasebut dirawuhi dening para pengarang Jawa saindhenging tanah Jawa, kayata Handung Kussudyarsana, Wijaya, Suparto Brata, Jayus Pete, Mochammad Nursyahid Purnomo, J.F.X. Hoery, Bondan Nusantara, St. Iesmaniasita, Tiwiek SA, Roeswardiyatmo, Ardini Pangastuti, Rini Eren, lan isih akeh maneh. Malah, ing kalodhangan iku, Sri Sultan Hamengku Buwono X uga rawuh lan kepareng paring sesorah pembukaan sarta mbukani adicara mau.

Tumekane taun 2017 iki, SSJY isih eksis kanthi kaelonan dening para sastrawan Jawa ing Ngayogyakarta lan uga nerbitake kalawarti sastra Jawa Pagagan. Balai Bahasa DIY. Balai Bahasa DIY minangka bebadan sing ngayomi SSJY nganti saiki terus aweh penyengkuyung marang program literasi kaya sing kacetha ing Permendikbud Nomor 23 Tahun 2015. Taun iki (2017) Balai Bahasa Daerah Istimewa Yogyakarta, Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa, Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan, ora kari uga aweh panyengkuyung marang tumangkare sastra Jawa mligine ing Yogyakarta lumantar SSJY lan kalawarti Pagagan.

Kaya sing wis kelakon sauntara taun kepungkur, kalawarti sastra Jawa Pagagan sing diterbitake lan disebarake terus diundhakake kwalitase ing babagan karya sastrane apadene wewujudane (kemasan). Taun 2017 iki rubrik ing Pagagan ditambahi lan dilarasake saengga tampilane saya becik tinimbang sauntara taun sadurunge. Saiki lair rubrik "Unen-unen", "Panglimbang", "Guritan", "Cerkak", "Kritik", "Sulih", "Esai", "Paraga", "Macapat", "Tintingan", "Kronik", "Puspa Rinonce", "Wedangan", "Suluh", lan "Pameran Buku". Mbabar pawarta sabewara-berane ing babagan

sastra Jawa kaya kasebut ditindakake minangka realisasi program pembinaan lan/utawa pemasyarakatan kebahasaan sarta kesastraan tumrap masyarakat apadene apresiatoe sastra, mligine marang sastrawan Jawa sing tujuwane kanggo medhia pasinaon marang para generasi mudha utawa sing lagi sinau sastra/basa Jawa.

SSJY saben taune ajeg ngadani ambal warsa kanthi ngrawuhake para anggotane wiwit saka sing isih mudha nganti sing wus sepuh ing Balai Bahasa DIY. Adicara kasebut dadi ajang silaturahmi nglumpukake balung pisah murih bisa padha bisa "ngurupake" semangat, sing sapa ngerti wus tau "mati" kareben terus padha nglestarekake Sastra Jawa ing jaman modheren iki.

Kaya sing wus kawuningani, isu utama sing saiki ngrembaka magepokan karo kemampuan baca (literasi) anak-anak Indonesia sing ketinggalan 4 taun karo literasi anak-anak negara maju. Prakara mau bisa kelakon jalaran ora mung saka faktor sosial, ekonomi, geografi, gunggunge pendhudhuk, nanging uga saka faktor budaya maca-nulis, kreatif, lan kurang kritis ing pamikir. Mula Balai Bahasa DIY melu andhil asung pisumbang tumrap ngrembakane kabisan literatif marang generasi mudha ing Yogyakarta, upamane majalah Pagagan (bebarengan karo SSJY), uga sauntara buku sing gegayutan karo basa/sastra Jawa kayata Kamus Praktis Jawa-Indonesia (Edi Setiyanto, dkk.), Puspa Rinonce (Gina, dkk.), Ensiklopedi Sastra Jawa (Dhanu Priyo Prabowo, dkk.) kanggo nambah wawasan. (Laporan: LATIEF S. NUGARAHA)

Sastra Suluk, Durung Akeh kang Kesrambah Panaliti

SASTRA mistik, sastra tasawuf sing uga disebut sastra suluk, yaiku sastra sing macak paham tumuju manungsa kang sampurna. Paham tumuju manungsa sampurna mujudake *gejala universal,* sing ora winates dening ruwang lan wektu (Marsono, makalah Kongres Basa Jawa taun 1991). Sastra suluk tuwuh subur jaman kerajan Islam ing tanah Jawa.

Sastra Jawa lawas kaya kang tinemu ing sastra suluk akeh sing ngandhut kawruh-kawruh luhur tumuju marang kasampurnaning urip. Kandhutan-kandhutan jroning sastra Jawa lawas racake padha ngidungake pakem-pakem asih lan kemanusiaan, sing mujudake wot (jembatan) kanggo mahami sangkan paraning dumadi, gegebengane urip amrih sampurnaning urip sajroning bebrayan agung, sing kudu tansah eling marang asal sarta tujuwan akhire manungsa anggone ngiseni lembaran sejarahe.

Ing antarane sastra suluk mau sing paling kondhang, Suluk Dewaruci (luwih akeh disebut mistik Dewaruci). Naskah sing meh padha, Serat Nawaruci wis kaserat dening Empu Siwamurti ing abad XV. Serat Nawaruci nduweni cakrik Hindu-Jawa, sawise digubah dening pujangga R. Ng. Yasadipura, saka Surakarta, dadi lakon Dewaruci, krasa luwih njawani (Djawa Nilakandhi Vol 2, 2005). Banjur Suluk Tembangraras sing luwih kondhang kanthi sebutan Serat Centhini, sing ditulis rong abad kepungkur iku maune wis rada kesilep. Nanging bareng digubah kanthi cakrik anyar (saka wujud asline tembang dadi gancaran) dening sastrawan Perancis, Elizabeth D. Inandhiak banjur dadi kondhang kaonang-onang lan malah diterjemahake ing pirang-pirang basa donya. Isih akeh maneh karya-karya sastra lawas liyane sing cukup kondhang lan nduweni bobot ngedab-edabi, paribasane ora gapuk dipangan jaman.

Balai Pelestarian Nilai Budaya Yogyakarta, sing mapan ing Jalan Brigjen Katamso 139, Ndalem Jayadipuran Yogyakarta, akeh nyimpen karya sastra Jawa lawas, ing antarane sastra suluk. Miturut Dra. Suyami, M.Hum, *peneliti utama bidang kajian naskah kuna,* Balai Pelestarian Nilai Budaya Yogyakarta, nduweni koleksi naskah cacah 665. Saka jumlah samono kuwi 300- an naskah isih arupa manuskrip, sing arupa buku cithakan kanthi aksara Jawa ana 200 lan sisane buku/naskah nganggo huruf latin.

Kupiya nguri-uri lang ngrembakakake basa Jawa uga katindakke lumantar Lembaga Alkitab Indonesia (LAI), kanthi cara alih basa Alkitab saka basa Roman (Romawi) dadi basa Jawa. Uga alih aksara saka aksara Jawa dadi aksara Latin. Basa Jawa baku kanggo alih basa Kitab Suci, wondene basa Jawa padinan (pasaran) kanggo alih basa Kabar Kabingahan.

Miturut Supardan (Sekretaris Umum LAI ing Jakarta, 2001), Kabar Kabingahan kang ditulis kanthi basa Jawa 'pasaran' (lingua franca) kaajab bisa dimangerteni dening warga (audience) sing luwih jembar cakupane. Alih basa lan alih aksara sajroning Alkitab kasebut uga minangka wujud panyengkuyung LAI marang pembangunan budaya baca kang wektu iku lagi digrengsengke dening pemerintah.

Diakoni dening Muhammad Damami, basa Jawa pancen bisa ndayani lan mumpuni minangka medhia penyebaran dakwah Islam. Warga dadi luwih gumregah sinau ajaran-ajaran Islami sawise ajaran-ajaran mau migunakake basa Jawa. Tekan wektu iki basa Jawa uga isih digunakake mingka medhia pengajaran ing pesantren-pesantren lan sekolah-sekolah madrasi (madrasah), kang sadurune sinau lumantar aksara pegon.

Lumantar basa Jawa, uga bisa tuwuh sinergi sajroning pasinaon babagan agama Islam. Malah kepara iang pasianon modhel madrasi uga kaajarake sastra adiluhung kang katulis dening para pujangga kraton. Kanthi cara mangkono, kotbah, pengajian, tausiah lan lan seni Islami sing sakawit sumbere mung saka kitab kuning lan kitab-kitab pegon, wektu iki uga bisa kapethik saka buku-buku sastra adiluhung.

Miturut Dr. Cahyana Endra Purnama MA, menawa Pawiyatan Luhur Duta Wacana biyen uga dadi perangane pengembangan saka GKJ. Mangkono uga sekolah-sekolah theologia kayadene STA Marturia ing Nologaten, Universitas Sanata Dharma, Universitas Kristen Surakarta, lan Balai Wiyata ing Malang Jawa Timur. “Sanata Dharma menika mboten mligi gegulang budaya Jawa, nanging ajaranipun mlebet sosiologi agama. Gereja-gereja ing Ngayogyakarta samenika lumantar putusan sinode ugi kedah ngipuk-ipuk basa Jawi, jalaran Jawa kangge ngladosi lan tasih dipunremeni warga sepuh. Warga sepuh saking GKJ ingkang warga lami antawisipun wonten 268.000, menawi kaliyan ingkang enggal utawi warga pindhahan wonten kirang langkung wonten 350.000 - 400.000. GKSBS Lampung dumugi samenika ugi taksih betah tenaga ahli basal an budaya Jawa saking Ngayogyakarta.”

Tekan wektu iki, akeh GKJ ing tlatah Ngayogyakarta kang asring nganakake kridha ing babagan kabudayan Jawa, kayata macapat. Malah akeh uga GKJ sing ajeg gladhen gendhing-gendhing Jawa lan duwe gamelan dhewe. Upamane GKJ Gondokusuman, GKJ Milirian, GKJ ing dalan Kaliurang, lan GKJ Bantul. “Basa Jawa samenika tetep kathah ingkang ngagem, mboten namung ing Indonesia kemawon nanging ugi ing nagari manca kados Australia, New Caledonia, lan Suriname. Pengalaman kula wonten ing Australia kala semanten, kula dipunsuwun mucal tari kaliyan gendhing Jawi. Sekolah tinggi theologia ing Darwin Australia 'Nunggalinja' ingkang mligi kagem tiyang-tiyang Aborigin, ugi kepranan ngagem basa Jawi lan basa Indonesia,” mangkono pangandikane Dr. Cahyana Endra Purnama.

Uga dingedikakake, roh basa lan kabudayan Jawa iku bisa ditampa dening wong-wong manca. Menawa ana andharan bab-bab kang magepokan karo falsafah uripe wong Jawa, wong-wong manca banjur kepengin sinau basa lan kabudayan Jawa. “Saestu basa Jawa menika tasih dipunbetahaken, pramila ugi tetep wonten kupiya nglestantunaken basa Jawi. Boten namung kangge tiyang Jawi, naging ugi kangge tiyang-tiyang ingkang remen, punapa ingkang nggegilut, kepengin mangertosi lan nglampahi falsafah Jawa,” panandhese Dr Cahyana. **(jba/ags)**

Dra. Suyami, M. Hum, ngandharake manawa naskah-naskah kasebut isih akeh sing durung dikaji utawa ditaliti, utamane sing arupa manuskrip. Dadi durung bisa dimangerteni saka naskah-naskah sing isih arupa manuskrip kuwi klebu karya sastra suluk utawa dudu. Naskah-naskah saka asil panaliten biyasane kapacak ing Patrawidya, seri penerbitan penelitian sejarah dan budaya, Balai Pelestarian Nilai Budaya Yogyakarta, nanging uga ana sing langsung dibabar dadi buku.

Naskah-naskah koleksi Balai Pelestarian Nilai Budaya Yogyakarta kang kasimpen ing kapustakan Balai Pelestarian Nilai Budaya sing manggon ing bangunan iring pojok wetan saka kompleks kantor kasebut, kabeh wis diinventarisasi kanthi rapi. Yen mbutuhake naskah tartamtu kari ndeleng ing dhaftar katalog. Naskah-naskah sing arupa manuskrip kejaba diwenehi kodhe uga ana katrangan saperlune lan saperangan tanpa judhul.

Koleksi sastra suluk ing kapustakan Balai Pelestarian Nilai Budaya Yogyakarta, gunggunge cukup lumayan. Ing antarane: Suluk Ngelmu Hakekat lan pethilan Centhini kanthi kodhe S.69, Serat Suluk Ibrahim, Serat Hidayat Jati, Serat Suluk Cebolek, Serat Tajussalatin, Serat Suluk Musawarat, Suluk Sukmaklana, Serat Suluk Darusalam, Suluk Purwaduksina lan liya-liyane. Naskah-naskah serat suluk mau saperangan gedhe isih nganggo aksara Jawa, durung disulih aksara. **(din)**

Basa Jawa Luwih 'Nges' lan 'Nuksma'

BASA lan sastra Jawa minangka medhia Pewartaan Sabda ing lingkungan Gereja Kristen Jawa (GKJ). Malah kepara wiwit laire, taun 1931, GKJ wis nggunakake basa Jawa sajroning persidangan resmi, wujud notulen apadene surat keputusan. Lagi wiwit 1964 notulen persidangan lan surat keputusan migunakake basa Indonesia.

Miturut Ki Atma (2011), sakawit kabeh pewartaan GKJ pancen kanthi basa Jawa. Nanging, nyatane akeh generasi mudha Jawa sing kurang ngugemi basa Jawa lan akeh GKJ sing wargane dudu wong asli Jawa. Mulane, saiki umume GKJ sing tetep ngugemi pewartaan kanthi basa Jawa ya mung GKJ ing tlatah padesan utawa pinggiran kutha. Sanajan mangkono, kabeh GKJ isih tetep migunakake basa Jawa, sanajan ora kabeh pewartaan. Upamane, sawijine GKJ ngadani pewartaan sabda kaping papat, sing sepisan mesthi nganggo basa Jawa.

Bab iku dilandhesi kanyatan menawa rasane basa Jawa luwih 'nges' utawa luwih 'nuksma' kanggo media pewartaan sabda ing GKJ. Diandharake dening Ki Atma sajroning Kongres Basa Jawa Katelu 2001, carane nyebut asma tokoh-tokoh penting luwih bisa paring rasa kurmat menawa migunakake basa Jawa. Contone sajroning Kitab Suci Terjemahan 1949, ing Matheus 1:1 katulis, “Iki layang sejarahe Yesus Kristus tedhake (keturunane) Dawud, tedhake (keturunane Abraham.”

Sebutan kasebut dirasa njangkar, mula sajroning terjemahan 1990 diganti mangkene: “… Gusti Kristus tedhake (keturunane) Sang Prabu Dawud, tedhake (keturunane) Rama Abraham.” Rasa Jawa dianggep ora trep menawa nyebut tokoh penting kanthi cara njangkar, mulane banjur ditambahi sebutan Gusti, Sang Prabu, lan Rama.

Uga diandaharake dening Ki Atma, wiwit taun 1964 GKJ bebarengan karo Gereja Kristen Jawa Wetan (GKJW), Gereja Kristen Jawa Tengah Utara (GKJTU) lan Gereja Jawa Injili ing Tanah Jawa (GITJ) nganyarake nyanyian-nyanyian kang kaprah ditembangake sajroning ibadhah Kristen. Pembaruan mau bisa dadi maujud rikala taun 2001, mligine sajroning Kidung Pasamuan Kristen, dadi mangkene:

Endahe saduluran manut rehing Pangeran sami dene mbiyantoni, nadyan beda agama golongannya tansah tunggal rasa pambekan ing kamanungsan.


Reff: *Kluwung pindhanya endah ing warna nyawiji mbangun urip kang dadya tentrem raharja.*

Ngrangkul Budaya lan Adhat

KETUA Pengurus Cabang Nahdlatul Ulama Kulonprogo, Drs H M Wasiludin babagan Islam Nusantara saha medhia basa Jawa kanggo siar Islam, ngendika marang reporter SEMPULUR, Sumarno ing wawicara kaya kang kacetha ing ngisor iki:

Kadospundi konsep Islam Nusantara ?

Islam Nusantara menika sanes madzab enggal, sanes aliran enggal utawi firqoh enggal. Konsep Islam Nusantara kedadosan saking Islam ingkang lumebur kanthi harmonis kaliyan budaya Nusantara kanthi pandhuan syar'i. Akulturasi Islam saha budaya, adhat istiadhat, tradhisi saha kearifan lokal ingkang mboten nglanggar syar'i



Drs. H. M. Wasiludin (foto-smn)

menika nuwuhaken Islam ingkang beradab, santun, nengenaken hati nurani saha akal sehat, ingkang ndadosaken pemeluk Islam menika tansaya tresna saha mbelani tanah air tanah wutah getihipun, saha Islam ingkang njunjung manungsa saha kamanungsanipun.

Kangge ngrembakakaken Islam Nusantara menika pripun caranipun?

Kangge ngrembakakaken Islam Nusantara kedah dipunlandhesi, Ruhud Din (akhlakul karimah), Ruhul Wathoniyah (kebangsaan), Ruh At-Ta'adudiyyah (kebihinekaan) saha Ruhul Insaniyah (kamanungsan). Para Wali rumiyin sami ngrangkul budaya saha adhat istiadhat ingkang sampun wonten satengah masarakat. Adhat istiadhat saha tradhisi mboten dipunmengsahi menapa malih dipunperangi, ananging dipunrangkul sahengga Islam saged ngrembaka dumugi wekdal samenika amergi dhakwahipun saged dipuntampi masarakat.

Kepripun peran basa Jawa kangge siar Islam wonten satengah masarakat?

Basa Jawa menika dados basa ibu tumrap masarakat Jawa. Kangge wicantenan saben dinten ugi wonten pasrawungan, sedaya sami ngginakaken basa Jawa. Menapa malih basa Jawa menika kebak tatakrama saha unggah-ungguh. Basa Jawa ugi kathah pitutur luhur ingkang siningid.

Tuladhanipun basa Jawa kangge dhakwah Islam?

Umpaminipun wonten Slawatan (sholawatan) Jawa. Puji-pujian ingkang dipunaturaken dhumateng Kanjeng Nabi Muhammad SAW menika menawi ngangge basa Arab, mesthi kemawon masarakat kathah ingkang mboten paham maksudipun, lajeng ngginakaken basa Jawa ingkang langkung gampil dipuntampi masarakat. Peran basa Jawa ugi wonten kesenian-kesenian, kadosta hadroh lan sapanunggalanipun kanthi dipun sisipi tembang-tembang Jawa. Sedaya mengku karep ajak-ajak wonten kabecikan saha nebihi kemungkaran (amar ma'ruf nahi munkar). Basa Jawa ugi dipun ginakaken khatib wonten khutbah salat Jum'at, salat Idul Fitri saha salat Idul Adha ingkang kathah dipun rawuhi umat Islam. **(smn)**


DHONG
ORA?!

Basa Jawa Duwe Dalan kang Luwih Becik

SARWORO SOEPRAPTO



TNG Sarasehan Sastra Jawa Gagrag Anyar (SJGA) taun 1979, kang diadani ing Sasanamulya, Baluwerti, Surakarta, -- kang disponsori dening Proyek Pelita PKJT (Pusat Kesenian Jawa Tengah) kanthi dhedhengkot Gendon Humardani (alm) -- Arswendo Atmowiloto terang-terangan ngandhakake yen patemon mau mujudake prastawa layatan. Dadi kabeh peserta sarasehan mau kayadene wong kang lagi layat utawa takjiyah. Kang tilar donya utawa dadi layatan ora liya sastra Jawa iku dhewe. Sawise iku sastra Jawa bakal kakubur salawase.

Mesthi wae panemu mau langsung dadi bahan dhiskusi kang rame. Peserta sarasehan kang meh kabeh pengarang, mesthi wae ora sarujuk karo panemune Arswendo. Luwih-luwih para pengarang kayata Nursyahid P (alm), Jayus Pete, lan Esmiet (alm) kang ing saben patemon SJGA klebu peserta kang vokal lan nguwasani panggung. Aswendo dhewe ngomong kaya mangkono mau kena diarani setengah serius lan uga setengah ora serius. Kaya adat saben, Arswendo jroning nglairake gagasan rada celelekan. Nanging ing gagasan mau asring kinandhut bab kang bener lan sanyatane. Kang cetha, ing forum mau, dheweke nedya mincing panemune para peserta lan nyiptakake swasana kang gayeng ketambahan rada panas.

Para pengarang SJGA pancen kudu diithik-ithik lan dipanas-panasi amrih tangi lan gumregut gawe ngrembakane SJGA. Yen ora ana “provokator-provokator” kaya Arswendo, SJGA bisa-bisa ora tangi tenan saka anggone kantaka.

Kongres Basa Jawa

Embuh ana gegandhengane apa ora, kang cetha sawise PKJT nggelar sarasehan SJGA luwih saka ping pindho lan kasusul patemon-patemon sajinis ini Surabaya, Yogya lan Semarang, pemerintah banjur nganakake Kongres Basa Jawa I ing Semarang (1991). KBJ disengkuyung dening pemerintah pusat lan dibukak dening Presiden Soeharto piyambak. Kang rada ngerti politik ing wektu iki mesthi pana, Presiden Soeharto duwe “penasehat” inti Ali Murtopo lan Soedjono Humardani. Soedjono Humardani ora liya tunggale SD Humardani utawa Gendon Humardani. Lumantar Soedjono Humardani, apa wae aspirasi lan pepinginane Gendon Humardani mesthi bisa kawujudake.

Sawise ana KBJ I, kang kasusul KBJ-KBJ sabanjure saben 5 taun pisan, katambahan anane UU Sisdiknas kang menehi papan tumrap muatan lokal, sarta tumapake era otonomi dhaerah, dhaerah (provinsi lan kabupaten/kota) diwenehi kalonggaran nglestarekake lan ngrembakakake basa, sastra lan budaya dhaerah lumantar jalur pendhidhikan formal.Ya wiwit iku, basa lan sastra Jawa saya entuk kawigaten saka pemerintah dhaerah lan masyarakat. Luwih-luwih bareng ing Jateng lan Jatim uga didegake Balai Bahasa, kaya kang ana ing DIY, kawigaten tumrap basa lan sastra Jawa saya luwih grengseng, sebab Balai Bahasa kejaba naliti basa lan sastra, uga ikhtiyar ngrembakakake basa lan sastra kang ana ing dhaerah kerjane

DIY Luwih Untung

Kudu diakoni mekar ngrembakane sawijining kabudayan, banget gumantung marang keputusan politik pemerintah, pemerintah pusat apadene pemerintah dhaerah. Malah kanggone DIY, keputusan politik mau luwih kuwat, amarga dilandhesi UU Keistimewaan kang lair taun 2012, kang dikantheni dana keistimewaan. Embuh sethithik embuh akeh, Pemda DIY bisa nyisihake saperangan dana keistimewaan kang ditampa saka APBN kanggo nglestarekake basa lan sastra dhaerah. Dene provinsi liya, anggone nyisihake dana kanggo nglestarekake lan mekarake basa dhaerahe kudu nganggo tekad kang kuwat amarga kudu rebutan karo sector pembangunan liyane.

Sawise reformasi, lumantar keputusan politik kang maujud ing UU lan regulasi kabudayan liyane, suprastruktur lan infrastruktur tumrap usaha nglestarekake lan ngrembakakake basa-sastra dhaerah sabenere wis disiapake lan wis cumepak. Saiki mung kari kepriye carane mumpangate anane suprastruktur lan infrastruktur mau. Kayadene wong kang duwe pepinginan lelungan lan nuju ing sawijining papan, kendharaan lan dalane wis cumawis apik kabeh. Mung kari nemtokake, papan kang dituju mau papan kang kaya ngapa. Ing kene, kahanan basa lan sastra Jawa kang kepengin dilestarekake lan dimekarake mau basa lan sastra Jawa kang kaya ngapa. Upamane, (1) sumadyane guru-guru basa Jawa ing SD/MI lan SMP/MTs kanthi jumlah kang cukup, kuantitas apadene kualitase, (2) saya akehe buku-buku wacan basa Jawa kang terbit, saengga bisa nyukupi kebutuhan wacan basa Jawa ing sekolah-sekolah lan masyarakat, (3) tetep lestari lan kajagane tata karma lan nilai-nilai moral sarta etika Jawa ing madyaning masyarakat, mligine ing satengahing generasi mudha.***

Sastra jawa Radio ing Jaman Reformasi

DARMANTO

SASTRA Jawa Radhio (SJR) kawiwitan taun 1930-an, nalika tanggal 1 April 1933 ing kutha Surakarta ngadeg sawijing stasiun radhio penyiaran sing dipandhegani dening Mangkunegara VII. Radhio mau populer sinebut Solose Radio Vereeniging (SRV) sing nduwe cabang ana ing kutha Semarang. Bagunan gedung SRV nganti saiki isih bisa tinemu ana ing Jalan Marconi Surakarta, utawa saiki dadi RRI. Banjur tahun 1934 ing Ngayogyakarta madheg radhio siaran sing sinebut Mataramse Vereeniging voor Radio Oemroep (MAVRO).

Materi siaran ing SRV lan MAVRO apa dene radhio swasta liyaneing wektu iku sing mengkone nggabung ana Perikatan Perkoempoelan Radio Ketimuran (PPRK) akeh-akehe dumadi seka SJR. Kraton Surakarta apa dene Kraton Ngayogyakarta dadi sumber materi siaran sing paling pokok. Meh-mehane, kabeh gladhi seni sing ana jroning Keraton disiarke dening SRV apa dene MAVRO. Kesenian tradhisional kethoprak dadi cepet ngrembaka amarga disiarke dening MAVRO. Ana ing MAVRO, siaran kethoprak wis dadi agenda rutin saben minggu sepisan wiwit tahun 1935. Mengkono uga dhagelan Mataran, wayang wong, gendhing-gendhing Jawa, lan pasugatan liyane sing arupa sastra Jawa wis dadi agendha rutin ing radhio-radhio ketimuran.

Nalika semana, materi siaran SJR paling disenengi pamiarsa tinimbang sajian musik moderen. Buktine? Radhio-radhio swasta sing nggabung ana ing bebadane NIROM (Netherlands Indische Radio Oemroep Maschapai), acarane mligi musik-musik moderen kalah pamor. Mula pihak NIROM ngupiya supaya hak siar radhio-radhio ketimuran bisa dikuwasani kanggo ningkatake jumlah pamiarsa NIROM sing saya suwe saya susut. Pihak NIROM menehi janji bakal ngundhake subsidi seka iuran penyiaran kanggo radhio PPRK menawa hak siar SJR bisa dikuwasani. Nanging, kabeh anggota PPRK ora ana sing setuju karo usulane pihak NIROM, malah perkarane nganti digawa ing sidhang Dewan Rakyat lan kemenangan ana ing pihak PPRK.

Nganti Pemerintahan kolonial Belanda kalah lan ninggalake bumi Nusantara, tumapake siaran SJR isih gayeng. Apa meneh nalika Jepang banjur nguwasai bumi Nusantara, kabeh acara siaran radhio sing asli Indonesua saya tambah maju. Sebab, Jepang nglarang radhio siaran ing bumi Nusantara nyiarke lagu-lagu barat lan kabeh bahan siaran sing mambu Eropa lan Amerika. Mula ing jaman Jepang akeh seniman Nusantara sing misuwur amarga slot wektu kanggo siaran SJR tambah akeh.

Wektu Indonesia merdeka, SJR tetep oleh kawigaten sing gedhe seka masyarakat. Kabeh stasiun radhio mligine RRI ana ing endi wae, menehi slot wektu kanggo siaran SJR. Luwih-luwih stasiun RRI sing ana ing tlatah Jawa Tengah, DIY, lan Jawa Timur kena dipestheke saben ndina ora kendhat nyiarke SJR. Mula ana benere pangandikane almarhum Umar Kayam nalika dadi Dirjen Radio Televisi dan Film (RTF) Departemen Penerangan, menawa tanpa media radio, durung mesthi kesenian Jawa bisa misuwur kaya saiki.



Era Orde Baru kena diarani minangka jaman keemasan tumrap SJR. Sebab, nalika iku, ora mung RRI sing nyiarke SJR, nanging uga radhio-radhio swasta sak Indonesia sing jgunggune luwih seka 700 stasiun. Menawa ora kleru, tahun 1988 Menteri Peneragan Harmoko dhawuh supaya kabeh radhio siaran ing Indonesia, RRI lan radhio swasta, ora ketang sesasi sepisan kudu nyiarke wayang kulit. Dhawuhe Menteri Penerangan wektu itu kaya dene idu geni, ora ana sing wani mbalela, sebab resikone bisa dicabut izin siarane. Mula kabeh stasiun radhio ngacarake siaran wayang kulit. Radhio-radhio ing njaban Pulau Jawa rata-rata nyiarke wayang kulit sewulan pisan. Nanging radhio-radhio ing tlatah Jawa Tengah, DIY, lan Jawa Timur ana sing saben minggu sepisan wayangan.

Kejaba wayang kulit, akeh kesenian sing klebu SJR disiarke dening radhio-radhio swasta. Ana ing tlatah DIY, radhio-radhio sing target pamiarsane para mudha, kayata Radio Geronimo, Yasikha, lan Unisi kabeh nduweni program SJR. Apa meneh radhio sing pancen basis programe kebudayaan kayata RRI Progroma 1, Reco Buntung, MBS, Radio Kota Perak, PTDI Medari, lan liyane kabeh nduwe program SJR.

Nanging, kanthi anane reformasi tahun 1998, program SJR saya ora karuan. Sawise Departemen Penerangan dibubarke dening Presiden Gus Dur ing wulan Oktober 1999, ora ana meneh bebadan sing ngawasi siaran radhio. Akibate, kabeh stasiun radio duwe kebijakan dhewe-dhewe. Radhio-radhio swasta sing maune nyiarke SJR wis ora mrogramke meneh amarga kaanggep kurang komersial. Dadi mung kari RRI lan radhio swasta tertemtu sing wiwit awal pancen pedhuli budaya isih nyiarke SJR. Syukur gene RRI banjur mbukak Programa 4 minangka programa budaya. Anane Programa 4 bisa dadi pengarep-arep nglestareke SJR ing era reformasi lan digital. Emane, Programa 4 akehe disiarke nganggo saluran SW utawa AM saengga kurang *familier* tumrape para mudha.

Basa Jawa ing Naskah Sandiwara Radhio

MARIA KADARSIH



SANDIWARA Radhio Basa Jawa Keluarga Jogya sing disiarke RRI Nusantara II Yogyakarta wiwit tahun 1965, pancen kaloka. Saben Minggu bengi wanci jam sepuluh, bakda siaran berita seka RRI Jakarta, acara sing dipandhegani Bapak Soemardjono iki, tansah diantu-antu sutresnane. Para paraga, kaya dene Hastin Atas Asih, Arif Hartaya, Habib Bari, Uun Pratiwi, lan Sabikis sing sejatine jeneng sesinglone Soemardjono minangka panyerat naskah, kawentar banget asmane.

Warga masarakat tlatah Ngayogyakarta, nyandu. Tanpa lowok, mesthi mirengke acara siji iki. Kejaba kepengin ngerti critane, lakone, lan paragane, uga watak-watak sing digambarake dening para paraga sing saya ndudut para sutresna sandiwara radhio basa Jawa Keluarga Jogya. Tekan saiki, lakon-lakon Godril, Raden Mas Basuki, Katri isih dieling-eling dening sutresnane.

Ora kabeh sutresna sandiwara radhio Keluarga Jogya pirsa, yen sejatine, para paraga ngatonake rasa seneng, ngguyu, nesu utawa mbengok lan nangis kuwi, mung maca. Seka naskah sing kawaca, nuli digambarake krana suwarane para paraga. Awit mathis lan tememen anggone maragani, anggone ngasah rasa, lan bisa nguripke naskah kanthi teknik vocal sing ceples, para miyarsa kabrongot rasane. Kaya-kaya sing dimirengke kuwi kedadean tenanan sing disandhang paragane. Dudu asiling acting, kaya sing tinulis ing naskah. Pancen, naskah mujudake bahan baku prodhuksi sandiwara radhio. Tanpa naskah, para paraga ora bisa maragani karakter tokoh sing kudu disarirani. Ora kaya seni tradisi liyane sing naskahe mung crita pokok. Tanpa ana dialog/wawan gunem, lan para paraga mardika milih tembung lan ngrakit ukara, sauger ora menceng seka wose lakon. Kethoprak lan dhagelan upamane. Ana ing prodhuksi sandiwara sadhio basa Jawa, ora bisa kaya ngono. Kabeh wae sing bakal diwujudke, ya wawan guneme paraga, swasana sing mratandhani papan, wayah, lan budayane, gendhing illustrasine, kabeh ditulis kanthi komplit. Tembunge saiki, naskah ditulis *Full Script*.

Nalika aku dikeparengake ndherek dadi paraga ana ing sandiwara radhio Keluarga Jogya tahun 1974, kabeh naskah seratane Bapak Soemardjono. Akeh-akehe, lakon adhaptasi seka novel-novel manca lan novel Indonesia. Ora aneh, nalika semana tinemu tembung lan ukara sing dudu tembung Jawa, ning tembung basa Indonesia. Bab kuwi, gayut karo sumber crita seka manca utawa Indonesia. Dadi kalamangsane, ora tinemu tembung sing ceples, utawa mathis karo tembung asline. Mula dening Bapak Soemardjono, ora dijawakke. Tetep nganggo basa Indonesia. Mula rikala semana naskah sandiwara radhio Keluarga Jogya, akeh kaselip tembung Indonesia.

Upama dipantha utawa diperang, prodhuksi sandiwara radhio Keluarga Jogya, dipilah dadi loro. Siji, nalika naskah lan sutradarane diasta Bapak Soemardjono, (1965-1982). Loro, nalika naskah lan sutradara diparingke ana ing pundhakku.(1983-2007). Pancen, laku prodhuksi sandiwara radhio Keluarga Jogya ora beda antarane jaman Bapak Soemardjono swargi, lan jaman-ku. Nanging ing babagan naskah, ora padha. Jalaran, beda sumber lakon sing dadi pancatane crita. Bapak Soemardjono kerep nyerat crita adhaptasi utawa entuk ilham seka novel, dene aku, durung tau nulis naskah adhaptasi. Naskah sing tak tulis, asli karanganku dhewe. Pancen, aku uga maca buku-buku crita, novel, cerpen, lan buku sing isine mbabar watak-watak manungsa. Kuwi kabeh kanggo ndudut gagasan anyar sing jumbuh karo kahanane masarakat. Aku kerep dolan neng papan sing rame; pasar, papan wisata, rumah sakit, sekolahan, lan liya-liyane, ngrungokke sing dadi kembang lambe utawa dadi wigatining masarakat. Bakda kuwi, aku miwiti nulis, antarane 14 nganti 15 lembar, kanggo siaran 45 menit, ing saben minggune.

Merga sumber crita utawa lakon, tak jupuk seka tengahing masarakat, mula cak-cakaning basa Jawa ing naskahku, uga selaras karo cak-cakaning basa Jawa kang ana sing tengahing masarakat. Kepiye cak-cakane basa antarane sing enom marang sing luwih sepuh.

Kepiye antarane anak lan bapa biyunge, utawa karo pepadhane. Kabeh tak jumbuhake karo kahanan ing masarakat. Mula ora mokal, ana ing naskahku, tinemu wawan gunem antarane anak lan bapak, sing ora basa. Sebab kasunyatan ing tengahing masarakat, ora sithik, wawan gunem anak lan bapakne ora basa. Najan mangkono, ana tembung sing nggambarke rasa kurmat antarane anak marang bapakne, tak basakke. Upamane : "Wah masakane Ibu enak tenan Pak. Lehku maem imbuh iki mau. Bapak wis dhahar durung ?" Najan ngoko, tembung maem, kanggo anak, tak ganti dhahar kanggo Bapak. Iki wigati.

Awit sandiwara radhio Keluarga Jogya, ora mung duwe sesanggeman atur panglipur, ning uga dadi rujukan panganggone basa Jawa ing masyarakat. Uga tuladha urip cara wong Jawa, dadi kekeran ing naskahku. Ora mung basane, unggah-ungguhe, suba-sitane, malah-malah seka nalar, laku lan rasa, selaras karo pitutur-pitutur Jawa; wani ngalah dhuwur wekasane, sapa salah seleh, menang tanpa ngasorake, lan sakpiturute. Pitutur-pitutur mau ora dakcethakke persis kaya ukarane, ning dakjlentrehke lumantar paraga-paraga, jumbuh watak wantune dhewe-dhewe. Bab kuwi gayut karo tegese Sandiwara sing ka-impun seka rong tembung. Sandi; digawe samun, lan Wara seka tembung wewarah utawa wara-wara. Sandiwara kuwi wewarah, wewarah sing digawe samun. Lire, wewarah kamot ora methok, nanging samun supaya ora njuwarehi. Sebab yen massage kuwi methok, cetha wela-wela, bakal keblebeg dadi ngguroni. Pungkasane, pamiarsa, ora seneng.

Kejaba kuwi, naskah Sandiwara Radhio uga kudu ngemot basa teknis. Yakuwi, tandha kang dadi cekelan utawa dhasar para paraga lan panyengkuyung liyane, nindakke ayahane dhewe-dhewe. Kanggo paraga, upamane nesu, ngguyu, nangis lan sak piturute tak tulis ing sangarepe tembung nganggo huruf kapital. Upamane : NARTI : (NESU) Wong kok klelat-klelet kaya cacing kepidak. Mbok sing sigrak !! Kanggo panyengkuyung prodhuksi, upamane; 11. OPERATOR : SWARA UDAN DERES SINELING GLUDHUG. Kuwi, sing jenenge naskah *full script*. Tegese, apa wae sing bakal dadi audio/swara, kudu ditulis kabeh, tan kena kliwatan.

Najan katone gampang, nanging nulis naskah sandiwara radhio kudu setiti. Sebab, mung ngandelke swara. Kepiye supaya kanthi swara kuwi, para miyarsa bisa nggambarke dhewe-dhewe apa sing dimirengke. Gegambaran kuwi bisa pas karo karepe penulis apa ora, gumantung karo panggarape sutradara. Ora ana elek-e tak blakani. Najan sadurunge aku ndherek maragani sandiwara radhio basa Jawa Keluarga Jogya tahun 1974, aku wis nate dadi sutradara, nanging lagi tahun 1983 aku dikeparengake dadi sutradara. Lire, dadi sutradara kudu duwe pengalaman main, ora mung setahun rong tahun. Nanging tetahunan. Semono uga najan aku wis nulis naskah sakdurunge dadi karyawan RRI Nusantara II, nanging aku lagi pareng nulis naskah sandiwara radhio basa Jawa Keluarga Jogya, tahun 1983, bareng wis diparingi idin Bapak Soemardjono. Kuwi wae sakwise aku digladhi nulis Bapak Soemardjono, telung taun suwene.

Ana pitakonan, apa nulis naskah sandiwara radhio, padha karo nulis sandiwara panggung, apadene sandiwara televisi ? Mesthi wae ora padha. Siji lan sijine media utawa papane pentas ora padha. Yen radhio, gamane mung swara/audio, mula kudu disetitekke kekuatan audio kuwi. Kekuatan audio kuwi upamane, ana atmosfir, ana *sound effect*, ana latar, ana gendhing ana tembung sing dikantheni unjal ambegan/nafas, dikantheni dhehem, dikantheni esem, lan sakpiturute. Kabeh bakal ndudut gegembaran luwih nges neng pamirenge pamiarsa. Pancen, nulis naskah sandiwara radhio Basa Jawa kudu tlaten, taberi lan duwe rasa tresna marang budaya Jawa. Lan dikantheni seserepan sing cukup, mligi bab lafal, utawa pocapan. Ngerti bedane pocapan antarae dha karo da, thi karo ti. Upamane : "Pak Guru ngendika, kanthi nyekar". Tegese : nganggo utawa karo. "Pak Guru wis ora kanti ngenteni tekamu " Tegese, ora sabar.

Dene sandiwara panggung, rehne papane pentas ana ing panggung, lan para paraga bisa dipirsani, mesthine paraga utawa pemain, ceples karo karakter sing dimainke. Aja nganti jejere dadi piyayi gagah, gedhe dhuwur lan bagus, ning sing maragani adoh seka kuwi. Beda karo radhio, piyayine cendhek, kuru, ora papa.

Sing baku swarane gandem, empuk, lan nggambarke swara wong bagus. Mula apike sandiwara panggung, ora nggunakke tembung sing cengkah karo kahanane paraga. Luwih becik nggambarke piyayi sing apik atine, piyayi lembah manah, sing luwih bisa disulihi kanthi tetembungane, dudu ragane. Kepiye panulise naskah sandiwara televisi? Mesthine luwih migunakake basa gambar, dudu basa pocapan wae. Jumbuh jejere audio-visual, loro-lorone prayoga digunakke kanthi imbang. Tegese, ora kakehan pocapan kurang gambar. Ning akeh gambar sing dadi sulih pocapan, lan tinulis kanthi imbang.

Mugi migunani.

DRS. RS SUBALIDINATA

Basa Jawa Ora Bakal Cures Waton Isih Ana Wong Jawa


MASARAKAT kuwatir menawa basa Jawa ora suwe maneh bakal cures kalindhes lakuning jaman. Ananging, miturut Drs RS Subalidinata, priya sepuh kang asring disebut Pak Bali, pensiunan dhosen Fakultas Sastra Universitas Gadjah Mada, dhosen Fakultas Pendidikan Bahasa dan Seni IKIP Yogyakarta, Fakultas Seni Pertunjukan Institut Seni Indonesia Yogyakarta jurusan Pedhalangan saha Fakultas Sastra UNS Surakarta iki duwe keyakinan menawa basa Jawa ora bakal cures nalika isih ana wong Jawa. Senajan yuswane wus ngancik 85 taun, Pak Bali isih adreng paring pangandikan babagan basa lan sastra Jawa.

Wiwit isih ngasta dhosen, piyambake pancen grapyak semanak marang sapa bae, klebu marang para siswa lan generasi mudha kang kepengin sinau nggegulang basa Jawa. Pak Bali gedhe sumbangsihe marang urip lan lestarine basa Jawa. Buku asil panaliten babagan sastra lan budaya Jawa ing antarane, *Sejarah Ruwatan Menurut Sumber Sastra Jawa, Religi Dalam Sanjak-Sanjak Jawa Gagrak Anyar, Purwakandha Sumber Cerita Wayang Purwa, Jatidiri dan Kepemimpinan Kresna Dalam Cerita Pewayangan, Bersih Desa dan Cerita Sri Sadana, Perkembangan Cerita Mintaraga Dalam Sastra Pewayangan, Pawukon Dalam Budaya Jawa, Novel Jawa Baru Dalam Abad Duapuluh, Cerita Kamandaka Dalam Babad Pasir, Sorotan Terhadap Cerita Babad Pandhawa Saduran Y Kats dan Cakradibrata, Kawruh Kasusastran Jawa, saha Kawruh Paramasastra Jawa*.

Kawit sinau ing SGA (SPG), Pak Bali kang kelairan Nanggulan, Kulonprogo taun 1932 iku wus ketarik gegulang basa Jawa. (Sadurunge SGA, Pak Bali mlebu SR lan SGB. Sawise lulus SGA banjur nerusake sinau B-1 Jawa lan lulus Sarjana Sastra Universitas Gadjah Mada). Sebab minangka basa ibu (UNESCO netepake saben tanggal 26 Februari dipengeti minangka Hari Bahasa Ibu), basa Jawa iku dadi kaskayaning budaya. Nguri-uri basa Jawa ateges dharma bakti tumrap kabudayan.

Senajan duwe panemu menawa basa Jawa ora bakal cures nalika isih ana wong Jawa, Pak Bali ora selak menawa kaluwarga-kaluwarga Jawa jaman saiki uga akeh kang milih nggunaake basa Indonesia ing pasrawungan saben dinane. Kaluwarga-keluwarga kasebut biyasane nganggep menawa basa Jawa iku luwih angel katimbang basa Indonesia, mula banjur golek penake nggunakake basa Indonesia. Basa Indonesia ora perlu nganggo tata krama basa utawa unggah-ungguh sebab kabeh kaanggep padha (setara), omong-omongan karo kanca sapantaran ora beda karo nalika matur wong tuwa. Beda karo cak-cakane basa Jawa. Basa Jawa kebak tata krama basa paling ora dibedakake basa Jawa ngoko, krama madya, lan krama inggil saha kudu empan papan. Nalika omong-omongan karo kanca beda karo nalika matur marang wong tuwa, marang guru lan sapanunggalane.

Pak Bali duwe wawasan menawa pasinaon minangka papan kang pas kanggo nggegulang basa Jawa kawit tataran SD-SMP-SMU saha Perguruan Tinggi. Kajaba iku kudu disiapi sarana prasarana, kayata buku-buku wacan saha kalawarti basa Jawa kang nyukupi. Pak Bali banget prihatin ing televisi isih akeh pocapan saha ejaan basa Jawa kang durung pener, kayata “lara” ditulis “loro”, “mudha” ditulis “mudo”, pocapan “dados” diwaca ”dhadhos” lan sapanunggalane. Ora lali, Pak Bali paring piweling mligine marang generasi mudha supaya adreng nggegulang lan nguri-uri basa Jawa minangka basa ibu sebab bakal gawe mongkog ing ati, tetep tresna basa Jawa nganti salawase ngagesang. **(smn)**



Drs. R.S. Subalidinata (fot-smn)

Sing Enom Aja Lali sing Tuwa sing Tuwa Aja Ninggal sing Enom



SASTRA Jawa minangka perangan saka budaya Jawa wis tuwa umure. Wis ngliwati pirang-pirang jaman. Lan saben jaman nduweni warna utawa ciri khas dhewe-dhewe. Sastra Jawa gagrak anyar utawa sastra Jawa modheren, sing satemene ora bisa pinisah karo sastra Jawa lawas, uga nduweni warna dhewe sing beda karo sastra Jawa lawas.

Magepokan karo bab sastra Jawa modern, *Sempulur* sowan matur Dra. Sri Widati, panaliti senior ing Balai Bahasa Yogyakarta (purnatugas), *pemerhati* sastra Jawa lan akeh kiprahe ing donyaning sastra Jawa.

Menapa ingkang dipunmaksud sastra Jawa gagrak anyar utawi sastra Jawa modheren?

Sastra Jawa modheren yakuwi sastra Jawa sing ditulis kanthi visi panguripan modheren, keilmuan modheren, pamikiran modheren. Ana fakta, ana logika, wis ora mung saderma angen-angen utawa imajinier maneh, latar kudu jelas, tokoh kudu nyata, tegese kepriye panguripane si tokoh mau bisa dibayangake, dadi ora mung maya. Upamane, pakaryane apa, pakulinane kepriye, lan sapiturute. Pokoke kabeh bisa dibayangake kanthi riil lan bisa dipertanggungjawabake. Alure crita uga ora kudu lempeng terus, nanging nganggo dhinamika. Dadi sastra Jawa modheren kuwi dhinamis. Saliyane kuwi ana perangkat liya kanggo ngandharake maksud lan pengarep-arepe si pengarang kanthi disamun utawa suwalike. *Ending* utawa akhir crita ora kudu *bahagia*.

Kala menapa wontenipun utawi wiwitanipun sastra Jawa modheren menika?

Abad 19 ngarepake abad 20. Kabeh mau ora uwal saka pengaruh sastra Barat. Serat Riyanta sing ditulis ing taun 1920-an, mujudake novel basa Jawa sing sepisanan.

Saged dipunandharaken tumangakering sastra Jawa wiwit prakamardikan dumugi wedal samenika? Menapa wonten pambeda ing babagan warni saking karya-karya kala wau?

Cetha ana. Beda paprentahan uga mangaribawani warna anyar jroning sastra Jawa. Jaman pra kamardikan, sawise abad 19, Walanda ngetrapake politik etik, sing luwih nengenake marang bab pendhidhikan lan transmigrasi. Dadi sastra sing ditulis ing jaman kuwi akeh-akehe ya sing gegayutan karo pendhidhikan lan sing salaras karo politik etike Walanda. Pascakamardikan nganti taun 50-an, luwih akeh nyritakake refleksi jaman penjajahan utawa crita-crita perjuangan. Taun 60-an, merga pemerintahan lagi bangkrut, terbit buku crita tipis-tipis sing luwih dikenal kanthi sebutan panglipur wuyung, sastra sing nglelipur.

Nanging sejene kuwi ana pangajab saka pemerintah kanggo maca...maca... maca... supaya pinter. Pemerintah liwat menteri pendhidhikan banjur nyiapake buku-buku wacan kanggo rakyat cilik sing bukune mung tipis-tipis. Taun 70-an, Indonesia wis wiwit bangkit. Sastra sing ditulis bali marang kanyatan sing ana. Ngenani korupsi lan kahanan masarakat wektu iku.

Taun 80-an, wiwit muncul feminimisme wanita lan emansipasi wanita. Penulis-penulis wanita padha njedhul lan migunakake visi wanita. Sadurunge taun 80 penulis sastra Jawa sasate mung didhominasi dening priya.

Lajeng kanthi mlebetipun budaya global, menapa wonten pangaribawa ingkang mirunggan tumrap sastra Jawa?

Ana. Sing cetha budaya global wis mbukak katup-katup yang tertutup. Bab-bab sing biyen tansah tinutup rapet banjur wiwit dibukak ngeblak.

Menapa ingkang kedah dipuntindakaken dening sastrawan Jawi amrih sastra Jawa tetep eksis, saged nyikapi jaman?

Sepisan, keterampilan basa Jawa kudu diasah. Kaping loro, kudu ngerti marang kabudayan Jawa, kuwi minangka pidakan. Kaping telu, sastrawan Jawa kudu nyemak perkembangan jaman. Kaping papat, sastrawan Jawa kudu sregep maca. Maca karya-karya sastra dunia, karya sastra Indonesia lan uga karya sastra Jawa, Akeh penulis-penulis Jawa sing manjila lan karyane cukup dipetungake. Kanthi mangkono sastra Jawa bakal tetep bisa eksis.

Wonten pesen kangge para sastrawan Jawa?

Sing enom aja nglalekake sing tuwa, sing tuwa aja ninggalake sing enom. Kuwi wae. **(din)**

kidung : (ngoko) 1 tembang, rerepen; 2 karangan (rumpakan) kang diiket ing tembang.
tuladha : Tembung kupat wis sinebut ing Kakawin Kresnayana, Kakawin Subadra Wiwaha, Kidung Sri Tanjung dan Kakawin Ramayana.

kidhung : (krama-ngoko) ora prigel.
tuladha : Ing Upacara adhat Sekaten ingkang nandang gawe kidhung nganti kewowogen.

aclum : (krama-ngoko) katon pucet (raine).
tuladha : Pakdhe Darsono pasuryane katon aclum, lungkrah lan tanpa daya sawise ditinggal garwane.

anak pupon : (krama-ngoko) anak pekpekan wiwit cilik mula.
tuladha : Bejo kae begja banget dadi anak pupone Pak Bares, saiki sekolahe neng manca nagara.

pasuwitane : Saka tembung lingga suwita. ulunan, niwi, sewaka, sumewa, sumewaka, ngulun.
tuladha : Sumantri diapura, lan Sang prabu kersa nampa pasuwitane, yen Sumantri bisa muter Taman Sriwedari kang dumunung ing Kahyangan Untarasegara

kejot : (krama-ngoko) kaget.
tuladha : Ibu kejot amarga soblog ing pawon ngglimpang ketubruk kucing

cures : (krama-ngoko) 1 mati kabeh tumrap thethukulan; utawa turun; 2 entek kabeh, entek babar pisan.
tuladha : Tandurane ibu cures kabeh, wingi sore ana wedhus ucul mlebu plataran omah

lowok : Enggon-enggonan. pacelathon. lowong.
tuladha : Diparani adoh-adoh jebul omahe lowok

mongkog : (krama-ngoko) gedhe atine utawa mantep (dening dialem lsp); bungah.
tuladha : Sri Sultan HB X ngedika rumangsa marem lan mongkog dene warga Jawa-Tondano tansah selaras, guyub rukun, tembayatan mat sinamatan karo warga kang beda agama lan suku.**(ags)**

Srawung Kawruh Sastra Jawa

SAIKI jamanne wus maju, bab iki bisa katitik pawarta lan kedadeyan ing saindhenging bawana bisa diwaca, dimangerteni lan ditonton ing sadhengah papan, kanthi anane internet. Senajan mangkono, medhia cetak/kalawarti tetep dadi papan pasrawungan mirunggan kang utama kanggo ngrembakakake basa lan sastra Jawa. Mangkono kang kawaca ing acara Kalamangsa: Srawung Kawruh Media Sastra Jawa kang diadani dening Studio Pertunjukan Sastra (SPS) rikala dina Setu, 23 September 2017 kapungkur mapan ing Ruang Seminar Taman Budaya Yogyakarta.

Acara kasebut nekakake 3 narasumber yaiku Ratun Untoro M.Hum, pemimpin redhaksi kalawarti Pagagan kang uga panaliti ing Balai Bahasa Yogyakarta, Ahmad Jalidu pimpinan penerbit Garudhawaca, saha Fajar Laksana saka kalawarti Mapah Mangsa Sastra Nusantara UGM.

Ratun Untoro M.Hum, ngandharake basa lan sastra Jawa urip ngrembaka miturut mangsane utawa jamane. Sastra Jawa tau manjila duk nalika jaman sastra lisan, kanthi anane crita rakyat, mitos, dongeng, lsp. Jaman semana, sastra lisan bisa gawe imajinasi liar tumrap masarakat sutresnane. Sabanjure sastra Jawa mlebu ing jaman setengah lisan, katitik isih nganggo lisan ananging mbutuhake alat-alat liya, umpamane wayang suket, wayang godhong, wayang beber, wayang wong, lsp. Sastra Jawa banjur lumebu jaman tulis kawit jaman kakawin, tembang gedhe, tembang tengahan, macapat, relief, nganti jaman kalawarti, koran, lsp.

Fajar Laksana mbabar proses kreatif ing kalawarti *Mapah Mangsa*, dene Ahmad Jalidu ngendikakake adreng masarakat tuku buku cetak tansaya mudhun mligine buku-buku sastra Jawa. Kamangka miturut dhata, ingkang sami migunakaken internet ing Indonesia taun 2017 cacah 112,6 yuta, *smartphone* ing Indonesia taun 2016 cacah 65,2 yuta, dene taun 2016 gunggung 38 yuta tablet sampun katumbas ing Indonesia. Pangguna internet kang semono akehe, sejatine dadi *peluang* kanggo nggrengsengake sastra Jawa, kanthi aplikasi *e-book*, lsp. **(smn)**

KAEMBANAN DENING BALAI BAHASA DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA

Basa Enggon-enggonan ing Crita Basa Jawa

DHANU PRIYO PRABOWO

SANAJAN pengarang kuwi duwe licentia puitica, ewa semono ora banjur tanpa aturan anggone gawe karangan utawa geguritan. Kebebasan gawe tulisan karya sastra kudu tetep nuhoni paugeran bab basa, upamane anggone nulis narasi crita. Narasi crita ing crita basa Jawa proyagane yen ditulis nganggo basa Jawa baku, dudu basa Jawa dhialek (basa enggon-enggonan). Menawa ditulis nganggo dhialek sing bisa damang mangerteni karepe mung para maos sing nganggo dhialek iku.

Dhialek bisa dianggo ana ing sajroning dhialog antarane paraga siji lan liyane. Lumantar dhialek mau swasana lan kahanane crita bisa laras karo wewatekane para paraga kaya sing dikarepake pengarang. Coba dipriksani tuladha saka crita cekak Ruwete Benang Tenun anggitane Suparto Brata cuplikan saka antologi Lelakone Si lan Man (2004):

Sawise rembug karo Tuwan Darmansyah rampung, dheweke nyeput nggoleki omahe Riduwan. Thuk-uthuk-uthuk-sret! Bensine entek! Mangka pompa bensine adoh! Wis, wis, wis! Upa saemplokan iku larang, Rek, ana ing Kutha Surabaya!

"Yok apa, Wan? Isok metu-a benang tenune? Oleh rembug serius iki, lho!"

"Wah! Sara, Cak! Mene iku hari besar plabuhan, Cak. Gudhange tutup. Yok apa?"

"Luk! Apaa kon mau nggak warah?! Kon bakulan nggak karuwan gunemmu, Waaan-Duwan! Ojok ngono kon iku! Saiki yok apa iki?"

"Sabar, Cak, ojok ngotot dhesik. Mene isuk ayo padha nang nggone sapa iku mau jenenge manager gudhang."

"Apaa mene? Apaa nggak saiki?"

"Wonge lunga, Cak."

"Temen se, kon ngreti wonge lunga? Ndhak kon tah, sing keset? Nggak percaya aku! Ayo, nggandhola aku, diparani saiki. Iki nggak ming prekara dhuwik, Wan, tapine keprecayan! Dagang jare, yok apa kon iku!"

Tenan sing ditekani ora ana. Nonton bioskop.


Crita cekak mau latare ana ing dhaerah Surabaya, kanggo nggambarake critane supaya bisa luwih "urip" mula si pengarang ana ing dhialoge nganggo basa Jawa dhialek Jawa Timuran. Coba yen narasine uga ditulis nganggo dhialek Jawa Timuran, mesthi crita kasebut mung dadi karya sastra sing sipate winates, ora kabeh masyarakat Jawa (para maos) sing ora nganggo basa dhialek Jawa Timuran ngerti karepe sawutuhe. Mula, supaya bisa ditampa kanthi bawera dening masyarakat Jawa, pengarang anggone nulisake narasine nganggo basa Jawa baku. Kanthi mangkono, para maos kejaba bisa mangerteni karepe crita uga bisa ngrasakake swasana lan kahanan sing nggambarake lelakon ing kutha Surabaya. Lumantar dhialoge, para maos bisa "keli" pangenthaenthane (imajinasine) ing sajroning crita.

Prakara liyane sing asring kapranggulan ing crita-crita basa Jawa (tulis nganggo aksara Latin) gegayutan karo panulise aksara. Katone "sepele" nanging satemene wigati. Kleru apa bener ora digatekake, sing penting muni/diucapake/dilesanake. Kamangka basa lesan lan basa tulis kuwi beda kahanane, ora mung prekara paramasastrane bae, nanging uga bab panganggone ejaan utawa aksara. Saiki apa sing padha nggape yen antara ejaan ***a*** (upamane kanggo tembung *tela*) karo ***o*** (telo); *lara-loro; cara-coro?*

Saka sauntara cathetan, isih ana tuladha liyane magepokan karo bab panulise tembung. Unine mangkene: *"Jaman saiki bocah nom-noman **pada uwis** genah lan tau ngrasakake pacaran. Pacaran dianggep lumrah. **Nang** sekolahan **lintang-lintung gandengan**"*. Tembung sing ditulis kandel kuwi (1) kleru panulise ***pada, gandhengan*** (kudune ditulis ***padha gandhengan***, nganggo aksara ***h*** ing aksara ***d***), (2) ora baku tembunge ***uwis*** (kudune ***wis/wus***), ***nang*** (kudune ***ing***), ***lintang-lintung*** (kudune ***runtang-runtung***, bisa uga siswa kuwi anggone nulis *mung* sakecekele).

Saka sauntara tuladha-tuladha mau, katon yen panulise mung didhasarake saka basa paguneman/lisan bae, dudu basa tulis. Kamangka, sing dikarepake padha migunakake basa tulis.

DHANU PRIYO PRABOWO,
staf ing Balai Bahasa DIY



Serat Puspita Mancawarna 1 (foto-Tulus Widodo) |

Manungsa Sadurunge Dumadi lan Sawise Mati

Seratan ing nginggil punika pethikan saking Serat Puspita Mancawarna 1, boten kaserat sinten panganggilipun, kaecap wonten ing pangecapanipun Tuwan A Ruse, ing Surakarta, nalika ing tahun 1900, kaserat mawi seratan Jawi.

Bab ingkang dados perkawis wonten ing seratan wau inggih punika :

1. Kados pundi raosipun manungsa saderengipun dumadi utawi lair wonten ing ngalam donya.
2. Kados pundi raosipun manungsa saksampunipun pejah.

Pitakenan kalih ing nginggil wau mila boten gampil wangsulanipun, awit manungsa gadhah raos pengraos inggih saksampunipun dados manungsa utawi sampun lair ing ngalam donya, lumantar guwa garbanipun ibu.
Semanten ugi tiyang ingkang sampun pejah raosipun kados pundi ugi boten wonten ingkang mangertosi, awit tiyang pejah sampun boten saged dipuntakeni.

Pramila temtu kemawon boten badhe saged mangertosi kados menapa raosipun saderenge manungsa lair lan saksampunipun pejah. Mila menawi badhe manggihaken bab menika mbok menawi saged kupiya kanthi maos kitab suci utawi buku lan serat-serat sanesipun. **(Tulus Widodo)**

"Manungsa sadurunge dumadi rasane kaya apa? Manungsa sawise mati rasane kaya apa? (Apa ora bali kaya mangkono). Ananging kang ditakoni sapa, awit kabeh anglakoni sawuse dadi manungsa bisa calathu, kandhane padha bae ora duwe rasa apa-apa, sawise mati wis ora bisa calathu dadi ora kena ditakoni, marmane manungsa iki tansah bingung, bakal kepriye kedadeane."

"Mungguh saka kepenake becik pinikir kalawan lumaku, kabudi-budi kalawan nalar, bok manawa bisa katemu, sarana tatakon lan maca kitab, utawa maca layang-layang kawruh liyane."

Pitakonne

Paguyuban Macapat
Tansah Tumangkar

SENI macapat ora bisa uwal saka masarakat Jawa, mligine masarakat ing Kulonprogo. Isih akeh paguyuban macapat kang tansah setya nguri-uri lestarine warisan budaya macapat supaya ora kaseser dening budaya manca. Salahsiji paguyuban macapat ing Kulonprogo kang tekan wektu iki nglestareke seni macapat yaiku Paguyuban Macapat Anggara Kasih kang mapan ing Kembang Nanggulan Kulonprogo.

Paguyuban macapat iku madeg rikala 11 Januari 2005, dipandhegani dening Mc Surandi, kanthi anggota Harjo Suparto, Ig Sukardi, saha Ny Sadinem Sukardi. "Dipunparingi tetenger nama Anggara Kasih amergi anggenipun gladhen menika saben malem Selasa Kliwon." ngendikane Mc Surandi marang Sempulur.

Titiwanci iki Paguyuban Anggara Kasih wus ngrembaka kanthi cacah 28 anggota. "Rumiyin rikala madegipun, gladhen malem Selasa Kliwon menika ajeg wonten Padhukuhan Kenteng Nanggulan. Samenika gandheng sampun kathah anggotanipun, lajeng dipungilir mubeng wonten panggenanipun anggota paguyuban. Lajeng malem Jemuwah Wage gladhen wonten Padhukuhan Ngrojo Nanggulan, panggenan kula. Malem Jemuwah Kliwon wonten dalemipun Pak Ign Sukardi, saha malem Jemuwah Legi ajeg menika ndherek macapatan Jemuwah Legen ingkang dipunadani Balai Bahasa Yogyakarta," Mc Surandi mbacutake katrangane.

Sanajan akeh warga kuwatir menawa generasi mudha padha ora nresnani kabudayan Jawa mligine seni macapat, Mc Surandi wus mbuktekake menawa isih ana generasi mudha kang gelem nyinau lan nresnani macapat. "Kejawi nggladhi para sepuh anggota paguyuban macapat, saben dinten Setu kula ugi nggladhi lare-lare SD Kenteng klas sekawan saha kelas gangsal sami sinau macapat. Wonten mriku sami ajar nembang, ajar maca, ajar basa, ajar oncek-oncek saha ajar sarasehan."

Paguyuban macapat ing tlatah Kulonprogo tekan titiwanci iki satemene isih grengseng nggegulang seni macapat. Kayata, Paguyuban Macapat Langen Carita Girimulyo, Sekar Arum Samigaluh, Argo Laras Kokap, Dwija Laras Lendah, Puspa Catur Panjatan, Sekar Manunggal Temon, Mekar Sari Kalibawang, Pambodja Sentolo, Mekar Asih Bendungan Wates, lsp. **(smn)**



MC Surandi (foto-smn) |

MUSTOFA W. HASYIM

Amarga Dina Iki Ora Kaya Wingi

Amarga dina iki ora kaya wingi
Impenku sangsaya luwih ngrembuyung
Omah kebak kangen lan wewayangan
Apa bae netes dadi angen-angen anyar

Amarga dina iki ora kaya wingi
Adoh lan cedhak wis ora gawe tatu ati
Langit bae katon cedhak banget
Nganti angin wangimu isa nyampluk raiku

Amarga dina iki ora kaya wingi
Sing ilang malah tumeka ketemu tanpa seja
Lan sing pancen kudu ilang hiya musna tanpa ukara
Urip mung mlebu ana ngalam sepi, kebak isi

2017

Mlebu Sajroning Mejid

Mlebu ing sajroning mejid
Kang ana ing atimu
Rungokna malaikat
Padha nyanyi sesekaran sepi
Ngandhut kalimat-kalimat suci
Cekelen kabeh mau aja nganti uwal
Sanadyan katresnan asring
gawe tinggalan tatu.
Iki pancen urip, seneng susah
Wira-wiri mampir tanpa mangsa

Ana sajroning mesjidmu mau
Ana bocah-bocah lucu
Playon ing antarane cagak dhuwur
Lan antarane lampu-lampu kuna
Nalikane wis meh wektu manjing adan
Bocah-bocah mau anteng
”Mangga, Mbah, kula aturi sujud,”
Swarane lirih banget
Isa gawe mrinding awakmu.

2017

MUSTOFA W HASYIM,
seneng nulis geguritan wiwit timur.
Kumpulan geguritane: ”Ngas Ngis Ngos Nges” lan
”Aja Rebutan Payung Mingkup”.

Kutha Pare Pare

Sak uwise mudhun seka pesawat
Lan numpak mobil telung jam suwene
Aku tekan kutha Pare-pare
Kang panase temenanan
Ananging kabeh dadi adhem
Rikala aku ketemu guru-guru TK
Kang pengin diwulang nulis crita
Kanggo murid-muride
Guru-guru mau lugune kaya bocah
Gelem ngudhari pengalaman uripe
Kang agawe trenyuh
Nalika nyritakake mbiyen isih dadi bocah
Ana maneh guru kang bingung
Saben-saben isa gawe citra kanggo muride
Lan isa ndadekake padha rukun
Esuke, wektu tekan sekolahan
Sing dicritakake murid malah crita seka televisi
Kang ngemu crah agawe bubrah
Pasrawungan ing ngendi wae.

2017

Wonosobo Wayah Wengi

Mi bakmi bakmine ongklok
Enake dikancani sate ayam wedhus lan sate sapi
Wayah wengi mangane
Adhem njekut, warung cedhak Alun-alun
Teh panas kemepyar
Tambah krupuk kang swarane
Isa gawe rame ngalam donya.

Krasa nek wis tekan Wonosobo tenan
Wis sah tekane, menawa rong mangkok mi
Wis ditelap-telepi bareng karo kanca akeh
Ngobrol gegojegan, nggrenengi urip
Ngrembug negara lan tangga
Kancaku kepedhesen sambel
“Tak rasak-rasakke, kahanan iki
  Sangsaya suwe sangsaya pedhes,” ujare mangkono.
“Salahmu dhewe, milih kok nggon sing pedhes-pedhes
  Sing gurih wae akeh,” celathuku.
“Ora sudi, gurih ananging ngemu dosa,” jawabe kancaku.
Lho, piye iki ta mas, ngrembug mi ongklok
Hawa adhem rumesep tekan balung tuwa
Kok malah tekan ngrembug kahanan
kang pedhese pancen ora jamak.

2017

Wisata Ngayogyakarta

SUWANDI

Pangkur

1.
Ngayogjapancenkasusra,
Duknalikaisihjamanrumiyin,
Ngantiwancisapuniku,
Prajaingnuswantara,
Apadeneprajamancanagrituhu,
Akehkangpadhaneneka,
Kanggonglelipurmringati.

2.
Akehpapankangwuskondhang,
Klebuwewengkoningsujarahcandhi,
PrambananlancandhiSewu,
SambisariKalasan,
KimpulantrusKedulanlanBokoRatu,
BanjurecandhiPlaosan,
Nuduhkenjamankawuri.

3.
Papanliyanewisata,
Kang agawebungahewismaneki,
Plesirmarangkratoniku,
Kang aranKasultanan,
NgayogyakartaHadiningratsuwau,
LanPuraPakualaman,
Punjeringbudayayekti.

4.
Papankiwatengensamya,
Orakalah yen prawismannekani,
Tamansarialun-alun,
PasarNgasemkangkondhang,
MalioborolanVredeburg museum,
UgapasarBeringharja,
Maremakebatiniki.

5.
Warna-warnikesenian,
Mratahingkabupatenlansanagri,
TariGolekAyun-Ayun,
Kethoprakugawayang,
TariBedhayaMontroAngguklanSrandhul,
Macapatankarawitan,
Kagelaringsabenari.

6.
Dene kangsukalelana,
Bisasanjamringpanteguwaredi,
Parangtritislautkidul,
Kang kondhangeNyiRara,
GuwaLangseCermeNglanggeranlanPindhul,
KaliurangKukupKrakal,
Mbungahkeparakangplesir.

7.
Wisatakulinermratah,
Ingkuthangantipinggirpraga kali,
Gudhegbakpialanthiwul,
Adremgeblegtrusgeplak,
Sega abanglombokijoGunungkidul,
Tempe bacemKaliurang,
Dhedhaharankangngangeni.

8.
Kabehikukangkaonang,
IngtlatahNgayogyakartasaiki,
Padhakudu kasengkuyung,
Tumrapwarganesamya,
Dimenakehwisatawanpadharawuh,
Nyrambahiingngendipapan,
Ndadekkekondhangingnagri.

Bantul, 16 Oktober 2017

Kidung Ngrerujit Ati

ST SUMARYANTI



Ing wengi kang sepi iki,
Kang dumeling amung kidung ngrerujit ati,
Senadyan atusan lintang anjagi,
Sunare ngebaki bumi,
Tan anyaput rasa iki,
O, Gusti kang maha asih, kabirata duhkita puniki.

KEKARONE wis gembleng ing karep, nedya mupu anak, awit wis ana limalas taun anggone ngantu-antu, nanging Gusti durung maringi senadyan wis kupiya cara apa wae, iya medhi sapa dene alternatif.

"Mas, kira-kira sapa ya sing bakal dadi anake dhewe? terus kapan ya , lan kudu golek informasi ana ngendi ya?" pitakone Utari marang Dewanto, sisihane.

"Tenang wae Dhik, sesuk neng kantor aku tak takon marang kanca-kanca mesthi padha gelem menehi informasi," wangsulane Dewanto kebak kapercayanlan keyakinan.

"Tenan lho Mas, cepet ya, apa apike awake dhewe nyoba takon neng R.S. apa Panti Asuhan wae," usule Utari.

Dewanto ora enggal wangsulan.

"Ya wis Mas sakersa njenengan wae, aku manut" kandhane Utari maneh banjur ngrangkul Dewanto , ketang tresnani marang bojo kang sasuwene iki tansah setya marang dheweke, ora gelem tumindak sing aneh-aneh.

Dewanto mono mung karyawan biasa, pangkate uga ora dhuwur nanging dheweke mujudake karyawan sing apik, ora tau nglirwakke tugase, sregep lan jujur, mula bapak pimpinan banget tresna marang dheweke.

Naliko dheweke mireng nek Dewanto arep mupu anak, banget anggone jumurung malah-malah kersa paring pambiyantu.

"Pak Wanto, aku seneng dene njenengan nedya mupu putra, muga-muga enggal kaleksanan lan entuk putra sing bisa mrajakake wong tuwa, ngendikane bapak pimpinan.

"Inggih leres Pak, nyuwun pangestu kemawon," wangsulane Dewanto.

Omahe Dewanto katon regeng, bengi iku ana jagongan selapanan bayi, tangga teparo kakung putri, kanca-kanca kantor, katon padha gayeng geguyonan uga keprungu swara tembang macapat, sing ditembangke dening salah sijining tamu, suwarane kang nganyut-anyut nuwuhake rasa ayem tentrem marang sing mirengake.

"Bapak-bapak, ibu-ibu saha para tamu ingkang kula kurmati, matur sembah nuwun awit rawuh panjenengan sedaya saperlu paring berkah pangestu dhumateng anak kula estri ingkang dalu punika kaleres umur selapan dinten lan sampun resmi dados punjering gesang

kulawarga kula lan ing dalu punika ugi badhe kula sukani tetenger nama pun Dewantari alias Riri, nyuwun tambahing pangestu mugi-mugi mbenjing dados lare ingkang bekti saha migunani dhateng tiyang sepuh minggahipun bangsa lan negari," dawa ature Dewanto.

"Amiiin!" semaure para tamu bebarengan.

"Owek, owek–owek !" keprungu suwarane si jabang bayi kaya-kaya ngerti yen lagi dipahargya.

***

"Ri . . . Ri ! iki seragame gek diseterika kana, sesuk esuk kowe rak kudu mruput ta ?" kandhane Utari ibune marang Riri sing saiki wis sekolah neng SLTA.

Riri bocahe kenes kaya ibune, ndilalah wae wetone padha bapake, Setu Kliwon, sasine Januari padha ibune, mulane nek gawe bancakan netonan bareng bapake, nek ulang taunan bareng ibune, wis pokoke sarwa nyenengake.

Ora rinasa anggone momomg Riri wis nembelas taun, tresnane wong loro wis disok glogok prasasat ora ana sisane.

"Pak aku nyuwun dhuwite satus ewu pareng ora?" tembunge Riri manja karo nyedhaki bapake.

"Satus ewu ki arep nggo apa? Aja aneh-aneh lho Ri, bapak ki ming pegawe biyasa bayare ora akeh dhuwit satus ewu ki kanggoku okeh," wangsulane bapake karo nyawang anake wadon sing saiki wis gedhe lan katon manise.

"Ora wis Pak, wong aku mbayar urunan nggo Study Tour neng Semarang suk dina Minggu ngarep iki," ora lali Riri nglendhot bapake kanthi manja.

Nek Riri wis ngono kuwi bapake wis ora bisa suwala, lha mbok saupama dhuwit dijaluk kabeh mesthi diwenehke, jenenge bae anak wedok siji, arep nggo sapa maneh nek ora mung dinggo anake.

Beda karo nek ibune, senadyan ya tresna banget nanging ora kaya bapake, dheweke luwih streng lan dhisiplin, apa maneh bab dhuwit, mesthi ditliti tenan, awit kuwatir ora bener anggone ngecakke, karang ya saiki jamane sarwa nguwatirake apa maneh kanggone cah wedok, lola laline bisa kecemplung neng pasrawungan sing ora bener.

Bareng krungu nek Riri arep Study Tour neng Semarang Utari banjur marani karo ngomong: "Ri kowe ki nyuwun dhuwit kok dadakan ngono, ya nek bapak kagungan, mbok ya wingi-wingi."

"Ya nyuwun Ibu ta," ujare Riri karo ngguyu ngikik .

"Apa maneh aku Ri, kowe rak ya ngerti ta, nek aku ya ming diparingi bapakmu."

"Lha ning Ibu rak bisa golek dhuwit hayo, mula sesuk aku nyuwun sangu Ibu, dadi adil ta? Bapak tak suwuni Ibu ya tak suwuni," Riri banjur marani ibune, Utari disun kebak asih.

Sapa sing ora mongkog nduwe kulawarga sing ayem tentrem rukun kebak tresna, dina-dinane tansah sumunar, kanugrahan sing ditampa prasasat kaya ilining banyu ing mangsa rendheng.

Bubar ujian Riri wis mutusake ora arep nerusake kuliah, trima arep nyambut gawe supaya ora ngebot-boti bapak ibune, nadyan wong tuwane kepengin banget dheweke nerusake kuliah neng Perguruan tinggi.Pancen bocah kuwi sejatine rada mbandhel lan ngeyelan saengga wong tuwane ora bisa menggak karepe.

Begjane Riri, nadyan mung ijasah SLTA bisa oleh gaweyan neng kantor, nadyan swasta nanging bonafit dadi bayare lumayan nyenengake.

Bareng wis rumangsa bisa golek dhuwit, terus salin srengat, bapak ibune disepelekke lan sing nggregetake wong tuwane saben oleh bayar terus tetuku mbreh-mbreh sing ora penting gunane, dheweke rumangsa bebas ngetokke dhuwit wong duweke dhewe, wong tuwa ora sah melu cawe-cawe apa maneh ngatur.

Wong tuwane rumangsa judheg ora bisa mulang Riri kanthi keras, awit wedi nek malah nesu lan terus mutung bisa uga nganti ora gelem dijak caturan.

Esuk kuwi Utari katon ibut tata-tata barang-barang sing arep digawa menyang rumah sakit, awit wis ana limang dina Dewanto opname amerga lara muntaber.

Saben dina gentenan karo Riri anggone njaga Wanto, nek esuk ibune, dene nek sore Riri, kadhang kala ana sanak kadang sing mbantu njaga.

Nalika Utari mlebu neng kamare, Wanto katon lagi turu, alon-alon Utari nyedhaki lungguh neng kursi ngenteni sak tangine, ora wani nggugah.

Sawetara anggone nunggu, Wanto katon kruget-kruget, ngelekke mripat nyawang ngiwa nengen, bareng weruh Utari dheweke banjur takon :

"Wis suwe ya nggonmu teka ?"

"Durung Mas, ayo gek dhahar terus ngunjuk obat, iki tak gawakake lawuh karemanmu," wangsulane Utari karo nyawang sisihane sing katon isih aclum.

Wanto mung meneng nyawang Utari, atine rumangsa sedhih lan trenyuh, nanging piye maneh kahanane sing kaya ngono njalari mung bisa nggeget lambe.

"Mas ayo, kok malah mung disawang, ben Mas Wanto cepet dhangan, mesakna aku lan Riri," pangglembuke Utari ngarih-arih.

"Iya, iya Dhik, sedhela maneh.Aku tak ngomong sthik mumpung Riri ora ana," Wanto bali meneng sajak ana sing dipikir.

"Mas rasah menggalih apa-apa sik, sing penting Mas Wanto sehat terus bisa kondur."

"Dhik iki wigati banget ..... iki ngenani Riri, pokoke apa wae sing kelakon bocahe aja nganti ngerti nek dheweke kuwi anak angkat, ... aku wanti-wanti tenan ya,"



"Dramatic reading" Pasar Jogros (foto-ysy) |

Pentas Maca Basa Jawa

Ing jaman kang sangsaya maju lan modheren iki ora mokal yen kahananing basa dhaerah luput saka kawigaten. Basa Jawa minangka salah sawijining basa dhaerah ing Nusantara uga meh wae ditinggal dening para panuture. Kadereng ing karep murih basa Jawa ora musna, kepara malah tetep lestari lan sangsaya ngrembaka, paguyuban Kembang Adas kang dipandhegani dening Cicit Kaswami Rahayu kerep nindakake pentas maca (dramatic reading) basa Jawa. Durung suwe iki, dina Selasa (22/8) bengi mapan ing Bentara Budaya, Jalan Suroto Kotabaru Ngayogyakarta, paguyuban Kembang Adas nindakake pentas maca Basa Jawa. Cicit Kaswami Rahayu minangka panulis naskah lan sutradhara sinengkuyung para paraga -- ing antarane Ami Simatupang, Dinar Roos, Elody, Endang, Margono, Tio Kotagede, Tales Suparman, lan Yohanes Siyamta -- mentaske naskah kanthi irah-irahan “Pasar Jogros”. **(ysy)**



Wayangan ing Greja Katholik Klepu (foto-ysy) |

Wayangan ing Greja Leluri Budaya Jawa

Wayang purwa gagrak Ngayogyakarta lan Surakarta kang babon critane njupuk saka Kitab Mahabharata lan Ramayana pranyata pas lan pantes uga ginelar ing Pasamuwan Suci (greja) Katolik. Kaya kang kaleksanan ing Greja Santo Petrus lan Paulus Klepu.Mungkasi rerangkening adicara madeging paroki utawa Hari Paroki kaping 87 Gereja Santo Petrus lan Paulus Klepu, ing dina Minggu (23/7) ngadani Perayaan Ekaristi Syukur kanthi Selebran Utama Mgr. Robertus Rubiyatmoko, Uskup Agung Keuskupan Agung Semarang. Gegandhengan karo rampunging pembangunan (renovasi) greja, mula ing kalodhangan iku uga kaleksanan upacara berkahan. Kejaba ujub sukur hari paroki lan berkahan greja, uga minangka pahargyan 40 taun tahbisan imamat tumrap Rama FX. Murdi Susanto, Pr. Kanthi ancas nguri-uri kabudayan Jawa lan paring panglipur tumrap masyarakat Klepu sakukubane, sabakdane misa suci anggelar ringgit purwa sewengi natas katindakake dening Ki Suranto saka Sentolo Kulon Progo kanthi mbabar lakon Pendhawa Mbangun Bangsal Praba Suyasa. **(ysy)**

kandhane Wanto groyok tangane kemlawe ngrangkul Utari.

“Mas, Mas Wanto kok ngendika kaya ngono, aku emoh ana apa-apa, njenengan kudu tetep ndhampingi aku, aku… aku wedi Mas, aku ora kuwagang momong Riri dhewekan,” Utari nangis ngguguk neng rangkulane Wanto, dikekep kenceng dhadhane sisihane kebak eluh kaya bubar adus.

Bareng wis sawetara anggone nangis, Utari krasa nek rangkulane Wanto tansaya kendho, suwe-suwe ucul, Utari kaget, disawang mripate merem kaya wong turu, lambene mesem katon ikhlas ninggalake kulawargane.

Utari njerit undang-undang jenenge Wanto :

“Mas, Mas Wanto, ayo melek Mas, tangi Mas aja ninggalke aku, Mas Wanto !” suwarane Utari gawe kagete sing padha neng cedhake kono, dene dhokter lan perawat padha cekat-ceket mriksa lan tumandang.

“Nyuwun sewu Bu Wanto ingkang tatag penggalihipun pranyata Bapak Wanto sampun tindak sowan Gusti,” tembunge dhokter singngati-ati banget iku kanggone Utari kaya disamber bledheg sewu.

Utari lemes, ngglethak lan ora eling, saiki Utari genti dadi tandangan.

***

Gendera putih isih kemlebet neng ngarep omahe Dewanto sing mentas wae kanggo upacara pelayatan, suwasana ing kono isih katon rame, para pelayat isih akeh sing padha teka, senadyan jisime Dewanto wis ora ana Utari lan Riri anake katon isih kebak eluh nalika nemoni tamu-tamu.

Sapungkure Dewanto, uripe Utari dadi kelunta-lunta, kanggo saben dinane dheweke mung njagakke saka pensiunan bojone sing mung sithik, nanging gandheng Utari bisa eker-eker dadine ya ora banget-banget kecingkrangan apa maneh Riri wis duwe pametu ora ketangmung cukup nggo dhewe, dene nek karo ibune wis ora perduli.

Akeh owah-owahan patrape Riri nek dikandhani ibune wani sakecap padha sakecap sak karepe dhewe, terkadang malah natoni ati.

Utari rumangsa tobat tenan ngrasakke anake wadon, arep sambat ora ana sing disambati, dene nek arep banget-banget olehe nyeneni, Riri wis ngancam arep lunga ninggalake ibune.

“Duh Gusti nyuwun pangapunten, kula mboten kuwagang mucal Riri saestu, tresna asih sampun kulo tumplak dhateng piyambakipun, senadyan Riri namung anggen kula pupu nanging tresna asih kula tetep kados dene anak ingkang kula lairaken piyambak, namung Riri gantungan gesang kula, kula mboten gadhah sinten-sinten malih, Gusti nyuwun kawelasan,” ndrindil dongane Utari sakbubare solat tahajut nganti ora ngrasakake nek Riri wis ana mburine.

Riri kaget krungu tembung-tembung sing diucapke ibune, ora ngira babar pisan nek dheweke iku jebul mung anak pupon, atine rumangsa angles, sedhih lan rumangsa dosa dene wis wani lan nyepelekke ibune.

“Ibu nyuwun pangapunten Bu, aku lagi ngerti saiki nek aku jebul mung putra angkat, aku dosa Bu ?” tangise Riri ngglolo karo ngrungkepi ibune.

Utari dhewe kaget teka Riri nganti ngerti sing sak tenane kamangka dheweke wis saguh marang almarhum Dewanto ora bakal mbukak wewadi iki nganti salawase uripe, nanging mbokmenawa wis dadi papesthen nek wewadi iki kudu kabuka saengga Riri bisa ngrumangsani kaluputane marang bapake almarhum apa maneh marang ibune sing ngemong, ngopeni lan nggulawenthah sasuwene iki.

Wong loro rerangkulan kebak tresna, Utari ngelus-elus rambute Riri sing ireng menges iku, atine padhang terawangan awit mutiara atine sing wis meh ilang jebul bisa bali maneh, dene Riri rumangsa begja duwe ibu sing banget tresna, ora mantra-mantra nek dheweke mung ibu angkat.

Kebeneran sasine wis ngancik sasi pasa, Utari wiwit cecawis kanggo mapag sasi pasa iku kanthi kebak pangarep-arep Riri bisa melu nindakake kewajiban pasa nganti sampurna seka wiwitan tekan tutupan, awit sing uwis-uwis Riri ora nate tutug sesasi, ana–ana wae pawadane kanggo ora pasa, mung kala mangsa wae nek lagi bolong wudele, kuwi wae nek saur ora gelem bareng bapak-ibune, senenge dhewekan neng kamar amarga lawuhe tuku luwih enak tinimbang sing dicawisake ibune.

“Bu, rasah masak mengko nek bali kerja takmampir tuku lawuh, dadi bisa mangkat terawih,” ature Riri marang ibune.

“Ya Ri, peneran iki gaweyanku ya lagi okeh je kamangka arep dha dinggo Riyayan,” wangsulane ibune kanthi bungah lan mongkog Riri tansah ngatonake tresna.

Saiki Riri wis mertobat tenan, sasi pasa iki pinangka pancadan anggone nedya urip sing laras karo piwulange para sepuh, nindakake tuntunan agama kanthi madhep, manteb, ora lali asih lan bekti marang ibune.

Utari rumangsa bombong atine, anake wadon siji wis tinarbuka atine, mula ora kendhat dheweke tansah ngaturake panuwun marang Gusti Allah ingkang maha welas lan maha asih.

“Mas Wanto, mutiara sing biyen arep ilang saiki wis tak gegem maneh. Kidung sing ngrerujit ati wis kabirat dening kidung ayat-ayat suci ing madyaning ratri !” tembunge Utari kebak kangen marang Dewanto sing wis almarhum nalika ing tengahing wengi.

Ngayogyakarto, 20 April 2017



Festival Seni Perbatasan Kulonprogo (foto-smn) |

FESTIVAL SENI PERBATASAN KULONPROGO 2017

MINANGKA BENTENG KABUDAYAN

TAPEL wates (perbatasan) kudune dadi papan sepisanan kanggo nyaring pengaruh budaya ala saka njaba. Ananging emane, sasuwene iki tapel wates malah asring digunakake kanggo tumindak culika, kayata klithih, tawuran, jambret, omben-omben, narkoba, lsp. Mula kanggo mbentengi masarakat mligine generasi mudha Kulonprogo saka pengaruh budaya-budaya ala saka njaba, Dinas Kebudayaan Kulonprogo nggelar *Festival Seni Perbatasan* 2017.

"Kegiatan menika kabagi wonten 3 fase, fase sarasehan Budaya Perbatasan, fase Festival Seni Perbatasan saha fase Penguatan Budaya Perbatasan. Festival Seni Perbatasan menika panandha kabudayan. Tapel wates (perbatasan) kedah gadhah kesenian ingkang gadhah jati diri. Dipunajab, kanthi acara menika generasi mudha wonten ing tapel wates Kulonprogo saged dados generasi mudha ingkang agamis, guyub rukun, gotong royong saha tebih saking tumindak klithih, miras saha narkoba." ngono pratelane Sekretaris Dinas Kebudayaan Kulonprogo, Joko Mursito S.Sn. MA nalika ditemoni Sempulur ing kantor Dinas Kebudayaan Kulonprogo.

Festival Seni Perbatasan Kulonprogo 2017 mapan ing 3 panggonan, yaiku ing Rest Area Kecamatan Temon minangka tapel wates Kulonprogo iring kulon digelar kesenian incling, krumpyung, Kemis, 3 Agustus 2017. Lapangan Sipace Banjarharjo Kecamatan Kalibawang minangka tapel wates Kulonprogo iring lor digelar kesenian lengger tapeng, Jemuwah 4 Agustus 2017. Saha ing kreteg lawas Blimbing Kecamatan Galur minangka tapel wates Kulonprogo iring wetan digelar kesenian reog wayang, Setu 5 Agustus 2017. Festival Seni Perbatasan Kulonprogo 2017 antuk kawigaten saka penonton, ora mung penonton saka warga Kulonprogo ananging uga warga sa njaban Kulonprogo, kayata warga Purworejo, Magelang, lan Bantul. **(smn)**



FKY 29 - 2017

Ngumbar Reka Sanggiting Seniman



FKY tetep dadi agendha taunan kang tansah katunggu masarakat. Pasar Seni kang kaadani ing Planet Pyramid, Jalan Parangtritis, Sewon saben dinane tansah tumplek bleg dening kang para suka mirsani.

Ing panggung Pasar Seni uga kababar olah kridhaning seniman Jennifer Rose (Amerika) ing babagan musik-tari. Uga Samifati, grup musik elektronik saka Perancis. Kelompok Gamelan Siswo Sukro asal London gawe cingak ngunguning para pamirsa. Liyane uga unjuk kabisan seniman modheren lan tradisi, lir gumanti tanpa kendhat. Kuliner lan barang kerajinan uga cumawis rina lan wengi.

FKY kawiwitan kanthi pawe arak-arakan ing Maliboro, kang sadurunge padha mirengake pangandikane Gubernur DIY, Sri Sultan Hamengku Buwono X. Masarakat uga padha jejel riyel mriksani pawe.

Ing pangajab, FKY 29 bisa dadi bribikaning panemu lan gagasan kreatif, beda lawan padatan, lan bisa gawe reka anyar kang ngremenake, mangkono pangandikane Setyo Harwanto, Direktur Umum FKY 29.

FKY 29 mathok wengku gatining karya, "Umbar mak Byarr!". Ngumbar beda karo ngundha. Ngumbar, semu ngeculke. Ngundha, semu ngendhaleni. Umbar, ucul lerem, leren ngaso, golek senenging ati, gawe kendho pikiran. Ngumbar bocah, momong kanthi weneh kalonggaran tumrap para bocah supaya dolanan kanthi mardika, seneng atine, nanging tetap kaumbar ing papan kang winengku. Ngumbar kewan, angon raja kaya ing pangonan, nanging ora dieculake babar blas, tetep diawasi kanthi permati. Umbar dadi perangan kang wigati, sebab bisa dadi jalaran anggone padha leren sakan pakaryan kang abot, banjur awak lan pikiran bisa seger terus tuwuh prentuling gagasan. *Umbar mak byar*!

Babaring FKY 29 pancen kasengaja bakal golek wujud kreasi kang anyar, beneh lawan padatan, kepara kinanthen ati kang longgar, ayom ayem pindhane wong kang nembe kaumbar uripe. Satengahing padha leren dedolanan, kepara malah asring nemu gagasan kreatif kang migunani tumrap anggone pada ngrenah tanggung jawabe pinangka seniman utawa kreator.

Mangkono wigatine wengku baku Festival Kesenian Yogyakarta kang paling 20 ing taun 2017. Wis kelakon, 27 Juli – 13 Agustus. Sukses.

FKY ing Wates

Wakil Bupati Kulonprogo, Drs H Sutedjo mucuki FKY 29 Kulonprogo, kang kagelar ing Alun-Alun Wates, 7-12 Agustus 2017. Pambukaning FKY kagelar Sendratari Sangkaryatama lan pawae seni saka 12 Forum Seni Budaya sa Kulonprogo. ngusung tema "Berkarya dan Berjaya…Harus Bisa!"

Kaunggah pentas 15 grup band, pentas 23 sanggar seni ing Kulonprogo lan pameran kerajinan lan Pasar Seni. FKY Kulonprogo 2017 katutup kanthi nggelar tari kolosal, wayang hip hop, Koes Plus-an lan kroncong. Dhewan juri netepake Forum Jaran Kepang minangka juara 1 pawe seni budaya, Forum Wayang juara 2, Forum Kethoprak juara 3, Forum Krumpyung Lesung juara 4, lan Forum Sinematografi minangka juara 5.. **(smn)**



Karya seni instalasi "Eling lan waspada" (foto-smn) |

Pameran Seni Rupa ing Wates



Pasar Seni FKY 29 ing Piramid jl parangtritis (foto-fid) |

Sakwise FKY ing Kulonprogo, uga wis kagelar pemeran seni rupa ing Wates. Karya seni instalasi saka papah klapa kanthi irah-irahan "Eling lan Waspada" wujud Nyi Ageng Serang numpak jaran lan ing dhuwure ana tangan gedhe kaya arep nggegem dipajang ing pojok plataran Gedhung Olah Raga (GOR) Universitas Negeri Yogyakarta Kampus Wates rikala 25-31 Agustus. Iku salah sijine karya instalasi saka pirang-pirang karya instalasi saha lukisan kang dipamerake ing acara Pameran Seni Rupa saha Kepyakan Seni Instalasi "Maca Kahanan" kang diadani Dinas Kebudayaan Kulonprogo. Kajaba pameran seni rupa lan kepyakan seni instalasi, ing GOR UNY Wates uga digelar Festival Film Indie (28/8), Workshop Seni Rupa (29-30/8) lan Lomba Lukis Kyoto kanthi 300 pasarta (3/9). **(smn)**

Nandur Dhuwit

NOVIANI LESTARI

JENENGE Andri. Umur-umurane udakara limang taun. Dheweke lagi wiwit sekolah ana TK nol kecil, lagi seneng-senenge sinau. Apa wae sing diwulangake gurune ana sekolah, mesthi dibaleni ana ngomah. Umpamane mau ana sekolah diwarahi gawe prahu seka kertas lipat, tekan omah Si Andri uga langsung golek kertas kanggo njajal gawe prahu.Ora perduli sragam ijo kuninge sing durung diganti. Ora maelu wetenge sing kruyuk-kruyuk njaluk diisi.

"Mbok salin-salin gek mangan dhisik ta, Le." Mamakne ngelingake.

"Mengko ta. Aku iki lagi gawe prahu, kaya le ngajari Bu Guru ing sekolah mau," wangsulane Andri karo tetep nyethuk nekuk-nekuk kertas.

Mamakne mung mesem nyawang anake mbarep iku. Sakwise sakwetara wektu utheg nekuk-nekuk kertas, prahu wis dadi. Andri gumuyu bungah.

"Horeee... dadi," surake karo ngacungake prahu kertas asil karyane, pamer marang mamakne.

Nyat. Dheweke langsung ngadeg lan arep mlayu metu.

"Eh, eh, arep menyang ngendi? Sragame sesuk isih dinggo lho. Ganti dhisik." Mamakne nyegat ing lawang.

Karo rada mecucu, Andri ganti klambi. Bubar kuwi langsung mbrabat metu omah, nuju kalen ing pinggir sawah kana. Prahu kertas asil karyane langsung dikelekake ana kalen. Dheweke ngadeg ana pinggir kalen karo dhadha-dhadha.

"Ngati-ati ya... Sesuk kowe tekan segara," mangkono pambengoke Andri marang prahu kertase.

Prahu kertas alon-alon keli ngenut ilining banyu kalen. Andri nyawang prahu kertase nganti ilang saka pandulune.

***

Ganti dina, Andri lan kanca-kanca sakelase sinau bab tanduran. Bu Guru ngajak siswa-siswane ndhedher isi woh-wohan ana polybag. Ana sawo, rambutan, salak, uga jeruk.

"Enten sing ngretos niki isi napa?" takone Bu Guru karo nduduhake isi jeruk.

"Jeruk, Bu Guruuu.." wangsulane Andri karo ngacung.

"Nggih leres Mas Andri. Niki isi jeruk. Nah, isi jeruk nek didhedher bakal thukul wit jeruk. Wit jeruk dirumat, disirami, dirabuk, nek mpun gedhe saged awoh. Awoh napa, bocah-bocah?"

"Jeruukk, Bu Guruuuu..." siswa-siswa mangsuli bareng.

Sawise Bu Guru nerangke bab nandur uwit seka isi woh-wohan mau, bocah-bocah banjur njajal nandur. Ana sing ndhedher jeruk, rambutanlan salak. Ana uga sing ndhedher winih kembang kaya pacar banyu lan kembang esuk sore.

Andri mesem. Sakjroning atine ana gagasan mletik. Mengko ana ngomah dheweke uga bakal nandur. Nandur apa? Nandur dhuwit. Tenan, tekan omah Andri njupuk dhuwit satus rupiyah, langsung dipendhem ana lemah mburi omah cedhak kandhang wedhus. Ngendikane Bu Guru mau, inthil wedhus iku uga klebu rabuk, bisa ndadekake wit subur lan ngrembaka.

Saben dina, dhedheran dhuwit iku disirami. Yen ana suket-suket sing thukul ngganggu ya dijabuti. Andri ngentha-entha, menawa dhuwit iki thukul, saya suwe yen wis gedhe uwite, mesthi bakal awoh dhuwit. Kaya wit jeruk kae, saya suwe yen wis gedhe mesthi awoh jeruk.

Seminggu, rong minggu... Si Andri isih tekun ngrumat dhedherane. Nanging suwe-suwe dheweke cingak, kok ora thukul-thukul ya? Apa ganti dhuwit jajal? Sidane ing jejere dhedheran sing lawas, Andri ndheher maneh dhuwit liya. Pangupakarane padha, saben dina disirami, dirabuk inthil wedhus, diresiki suket-sukete sing ngganggu. Nanging kok nganti setengah sasi ditunggu, ing dhedherane iku durung thukul uwite dhuwit?
Rada penasaran, Andri ngedhuk dhedherane iku. Lha jebul isih wutuh ki dhuwite, blas durung metu oyote apa kepriye ngono. Dheweke gumun.

Kok bisa ya?

Dumadakan mamakne teka.

“Kowe ki ngapa ta, Le?” Mamak takon karo nyedhak.

Andri banjur nyritakake apa sing lagi dilakoni, menawa dheweke ing sekolahan sinau nenandur, banjur ana ngomah dheweke njajal nandur dhuwit supaya bisa awoh dhuwit sing akeh, nanging kok ora thukul.

Mamakne mesem aris.

“Le, dhuwit iku ora bakal bisa thukul. Amarga apa? Amarga dhuwit iku barangmati, dudu makhluk hidup. Sing isa thukul iku makhluk hidup, contone jeruk kaya sing toktandur ana sekolahanmu.” Mamakne nerangake kanthi aris.

“Dadi yen nandur dhuwit ora isa thukul ya, Mak?” Andri nyawang mamakne kanthi polos.

Mamakne manthuk karo mesem. Andri melu manthuk-manthuk. Saiki dheweke wis ngreti menawa nandur dhuwit iku ora bakal isa thukul. Merga dhuwit kuwi klebu barang mati.





Ki Ageng Sela ing Kadiraja

SRI HARYATMO

DHUSUN Kadiraja mapan ing bawah desa Purwamartani, Kalasan, Sleman. Dhusun iku kalebu unik sebab masarakat asli ing dhusun iku percaya lamun kang ngedegake dhusun iku sawijining tokoh kaloka asma Ki Ageng Sela. Malah ing dhusun kono ana sawijining kuburan tuwa kang dipercaya minangka makame Ki Ageng Sela. Mula, saben ana acara tahlilan, masarakat ora lali ndongakake arwahe Ki Ageng Sela minangka leluhure. Saben sasi Ruwah (Sya'ban) lan wulan Pasa (Romadhon) masarakat nganakake tradhisi tahlilan mligi ndongakake arwahe Ki Ageng Sela sagotrah. Sapa sejatine Ki Ageng Sela lan kepiye larah-larahe kok bisa tekan papan kono?

Manut critane Pak Haji Semiono (62 th), jaman biyen dhusun Kadiraja iku sawijining kraton cilik. Pak Haji sing saiki ngayahi jejibahan minangka kepala desa ing Purwamartani, uga ngandharake biyen kraton Kadiraja mapan ing sisih kidul kulon dhusun, pase ing sisih loring selokan Mataram. Kraton Kadiraja biyene mapan ana ing SD Kanisius saiki, dene alun-alune ana ing kompleks mesjid At Taqwa. Biyen, kraton kasebut dipageri tembok beteng.

"Wektu saiki beteng mau wis ora ana, dibubrah dhek jaman Landa banjur didegi pabrik. Tilas kraton kasebut saiki wis dari bangunan sekolah SD lan TK Kanisius. Dene tilas alun-alune saiki wis dadi kompleks mesjid At-taqwa lan SDIT Bina Ukhuwah Islamiyah. Sabanjute, ing sakulone kraton mau ana kali sing saiki dijenengi Kali Kuning lan ing sisih kulon kali ana dhusun sing jenenge dhusun Tapan. Dene, makam tuwa kang diarani makam Kadiraja pernahe kira-kira 300 meter sisih elore SD Kanisius mau. Ya ing makam tuwa iku sumare cikal bakal tokoh ing dhusun Kadiraja kang sesilih Ki Ageng Sela lan Nyi Ageng Sela.

Isih miturut Pak Haji Semiono, Ki Ageng Sela lan Nyi Ageng Sela uga sinebut Ki Cakraningrat lan Nyi Cakraningrat. Kekarone kaanggep minangka tokoh kang dadi cikal-

bakal dhusun Kadiraja mula biyen saben malem Selasa Kliwon, masarakat padha ziarah nyang makam saperlu njaluk berkah utawa pangestu amrih usahane lancar. Nanging,saiki cara iku wis ora ditindakake meneh lan diganti saben tanggal 21 (selikur) pasa (Ramadhon). Tatacarane ya wis beda karo jaman biyen. Yen biyen wong padha nyekar nyang sareyan kanthi tujuan njaluk pangestu, nanging saiki menyang sareyan kanthi tujuan ndongakake kang sumare.

Sapa ta sejatine Ki Ageng Sela?

Miturut juru kunci makam, Mbah Krama (90) Ki Ageng Sela iku kalebu tedhak turune Prabu Brawijaya ing Majapahit. Urutan silsilahe mangkene: Ki Ageng Sela iku putrane Ki Getas Pendhawa, Ki Getas Pendhawa, putrane Raden Bondhan Gejawan, dene Ki Bondhan Gejawan putrane Prabu Brawijaya saka garwa ampeyan (Putri Wandansari). Dene larah-larahe mangkene. Ing jaman kraton Demak biyen, Ki Ageng Sela dhedhukuh ing dhusun Sela, kalebu wilayah Purwadadi, Jawa Tengah. Ing papan iku panjenengane urip tetanen, ngedegake padhepokan kanggo nglatih lan nggladhi para nom-noman kang padha sinau ngaji lan olah kanuragan. Mula ora mokal lamun murid-muride akeh

Ki Ageng Sela mujudake sawijining tokoh kang dhemen laku tirakat kanthi cara tetruka ing papan-papan kang sepi kaya dene makam tuwa, guwa, lan gunung. Marga dhemen tirakat lan nglakoni tapabrata, Ki Ageng Sela pinaringan ngelmu kasampurnan lahir batin, kawibawan, lan kasekten.

Panjenengane olehe dhemen prihatin sebab duwe gegayuhan dadi ratu ing tanah Jawa, nglengser keprabon Demak kang dikuwasani dening Sultan Trenggana. Ki Ageng Sela mangajab bisaa dadi raja mula panjenengane iya kudu ngabdi ing kraton Demak dadi senapati perang. Rikala kraton Demak nganakake pambiwara bakal golek Senapati, Ki Ageng Sela melu mupu sayembara. Wusana Ki Ageng Sela kudu kauji mungsuh bantheng utawa kebo galak. Yen bisa ngalahake bantheng mau, Ki Ageng bakal ketampa pasuwitane. Kanthi kasektene, Ki Ageng Sela bisa ngalahake bantheng ngamuk kanthi gampang, nanging rikala panjenengane nempiling sirah bantheng mau nganti pecah, Ki Ageng mlengos sebab wegah kecipratan getih. Marga mlengos, Ki Ageng kaanggep pawongan kang jirih lan wedi ing getih mula pengabdiane ora dikersakake dening Sinuwun ing Demak Bintara.

Ki Ageng rumangsa kuciwa lan lingsem sebab pengabdiane ditolak. Mula, panjenengane nduwe niyat kepengin ngraman. Sawijining wengi Ki Ageng sumpena. Isining sumpena bilih Ki Ageng budhal arep babad wana. Sawise tekan wana mau, Ki Ageng kajot manahe sebab wis kedhisikan dening Mas Karebet, murid kesayangane. Ing sajroning impen mau Karebet luwih dhisik babad wana nganti rampung. Bubar iku, Ki Ageng nglilir terus nggoleki Karebet kang wektu iku isih turu ing pagagan. Sabanjure Ki Ageng ndangu Karebet apa dheweke bubar babad alas? Karebet caos wangsulan yen dheweke turu ing papan iku wiwit sore lan ora lunga menyang endi-endi. Sawise iku Karebet didangu, “Apa kowe tahu nyumpena kang nyalawadi?”

Karebet wangsulan, manawa rikala turu ing gunung Telamaya, dheweke ngimpi ketiban rembulan.

Krungu wangsulan iku, Ki Ageng Sela kejot ing manah sarta mupus lamun gegyuhane dadi ratu ora kaleksanan. Panjenengane kuciwa sebab usahane iki muspra. Ing batin Ki Ageng ngendika “Karebet, bocah dhek wingi sore, bakal dadi ratu, kamangka aku pirang-pirang taun nglakoni tapa brata jebul muspra ora entuk apa-apa”.

Rasa kuciwa, isin, lan duka dadi siji. Ki Ageng sagarwa banjur lunga ninggalake papan kono saperlu golek tentreming ati. Urusan padhepokan dipasrahake marang putra lan siswa-siswane.

Lakune Ki Ageng Sela sekaliyan sarta abdi kekalih tumuju arah kidul kulon. Pirang-pirang dina rombongan Ki Ageng nusup ngayam wana. Rasa sayah wis ora digagas. Sawise pirang-pirang sasi anggone lelungan, rombongan Ki Ageng tekan ing sawijining papan, ing sakulone kali. Ya ing papan anyar iku rombongan padha leren. Ing papan iku Ki Ageng nglakoni tapabrata saperlu nyuwun pituduh marang Gusti. Papan kanggo tapa iku saiki winastanan dhusun Tapan kang asale saka tembung patapan 'papan kanggo tapa'. Dene ing sajroning tapa iku, Ki Ageng tampa wangsit, “Lamun papan kang cocok kanggo ngedegake dhukuh ana ing sawetane kali” (saiki nama Kali Kuning).

Ki Ageng sarombongan terus pindhah ana ing sawetane kali Kuning. Ya ing papan anyar iki rombongan padha babad alas, ngedegake omah. Marga cedhak kali, papan kono pancen cocok kanggo dhedhukuh. Mula ora let suwe dhusun anyar mau cepet dadi rame, akeh wong-wong teka ing papan kono. Gandheng saya suwe papan mau saya rame, Ki Ageng kepengin ngleksanani ujare (nazar) biyen, yaiku dadi raja kang ora direh dening sapa-sapa. Saben dina para warga diajak makarya gawe wewangunan kaya dene kraton, kang padha dilengkapi beteng lan alun-alun. Ing

wewangunan mau wis persis kraton, ana betenge, ana alun-alune, Ki Ageng ngagem busana keprabon, madeg dadi ratu. Wong-wong padha ngumpul neng alun-alun lan padha mahargya kanthi sorak ambata rubuh mbengok bebarengan “kadiraja, kadiraja, kadiraja”. Marga saka iku, dhusun anyar mau terus pinaringan nama dhusun “Kadiraja”.

Ya ing papan anyar iki, Ki Ageng Sela asesilih asma Pangeran Cakraningrat utawa Ki Cakraningrat, dene garwane sesilih asma Nyi Cakraningrat. Asma iku kapiji sebab Ki Ageng wis kaleksanan dadi raja. Mula, ora salah lamun ngagem asma nganggo tembung “ningrat” 'bangsawan'. Nganti seprene, wong Kadiraja lan sakthegkliwere nganggep lamun Ki Ageng Sela lan Nyi Ageng Sela iku minangka cikal-bakal kang ngedegake dhusun iku.





Petruk, akrobat. (foto-fid) |

Petruk Sleman Unggul

SEJATINING pana, mangerti marang dunung ing samukalir, buntas ing kawruh urip sejati lamun bisa rumaket marang pamomonging pribadi. Pamomonging pribadi iku jumeneng ana ing kalbu, manjing ing sanubari, nyawiji manunggal. Jiwa mandireng, satria perbawa iku gumantung anggone pana, buntas pamengkune marang pamomong, sumitra cinaket, kanca kang gemati, yaiku kang dumunung ing sekawan papan: kiwa-tengen, ngarep-mburi. Utawa, ndhuwur-ngisor, ereng ngarep-ereng mburi. Satria kang sinatria kudu tansah pada dunung ing sekawan panggoning pandoming laku jantra. Mula laku jantraning satria-prajurit utama, tansah jinangkung dening para pana-kawan, wong papat cacahe kang tansah suka dadi panuntun lan pandherek, laku leladi ing sadengah papan lan sebarang wektu. Dadi, Panakawan, dudu punakawan. Dene tembung punakawan mbok menawa bae saka tembung pun akawan, utawa sampun rumaken dadi sumitra.

Panakawan ana sambung rapete kalawan petung papat kang tuwuh saka petung loro rangkep. Tegese papat iku petung srimpi, sanajan papat satemene laku loro loro kaya ing beksan srimpi. Nanging srimpi ora jangkep menawa hamung cacah loro, durung genep, durung pana bab sekawan laku paraning gesang. Punakawan, dumadi ing wewujudan Togog-Bilung, Limbuk-Cangik, Jodheh-Prasanta, lan sapanunggalane. Dene Panakawan iku dumadi saka Semar-Gareng-Petruk-Bagong.

Gelar Seni Budaya Yogyakarta (GSBY) 2017 kang diadani dening Dinas Kebudayaan DIY ngaturake lelangen kanthi wengku gati "Punakawan". GSBY pinangka ajang tandhing utusan karya seni Kabupaten/Kota kang bakal pinilih nyarirani dutaning DIY ing tingkat nasional. Kabeh utusan Kabupaten Kota padha gegarap punakawan utawa panakawan, pinangka pilihan figur kang ginarap dadi balunganing carita lan koreografi seni tontonan. Wengku gati kang unjuk laku wateging wong cilik, kang asring kapatrapake marang para panakawan, pranyata bisa gawe para pranata tari longgar pikir banjur duwe kreteg merdika, babar anggone jejereng gagasan. Kabeh bisa dadi pasugatan lelangen kang nengsemake, gumyak, sumringah, entheng lan gawe gumbira.

Kabupaten Sleman kang caos langen gatraning panakawan Petruk. Solah bawaning Petruk digawe maneka warna tingkah, saka kang mantheng ing budi nganti tekan solah tingkah kan gecul, sembrana, lan guyon maton. Petruk Kanthong Bolong, pribadhi kang landhung ing tutur, manis ing ulat, wasis ing semu samudana, lan anggone tansah sumanggem ing karya. Wanda lan praupane gawe sengsem, bawane kasamur manis gunem wicarane. Dawa jangkahe, ebrah lambeyani, cakrak joged lan seblak sampure. Kepara dening kontingen Kabupaten Sleman, uga ginatra ing semu anane Petruk ngaca, Petruk ngilo pinangka perlambang mulat saira utawa mawas dhiri.

Drs. Umar Priyono, M.Pd., Kepala Dinas Kebudayaan DIY ngendika, GSBY kaajab bisa dadi srana para kreator ing DIY anggone padha lelumban gawe lelangen kang nengsemake kanthi merdikaning manah. Uga kanggo paring jumurung anggone padha tansah ngudi ngrembaka lan lestarining budaya masarakat DIY. "Kita tansah jumurung anggone padha ngupakara aset budaya lan mbabar tumangkaring potensi budaya rakyat," pratelane Pak Umar. **(pdm)**



Malam Sastra Malioboro

Malioboro ing nguni, taun 70-an, pancen nate kondhang kanggo papane para seniman lan sastrawan padha kumpul reriungan, dolan ngenggar penggalih, lan wawan rembag climen manasuka ing babagan susastra, seni, budaya, lan kahanan urip kang dumadi. Ing kono banjur ana sing kersa maca geguritan (puisi), kanca liyane aweh panyaruwe. Saiki wis angel tinemu sastrawan kang jejagongan ing Malioboro. Banjur ana saweneh seniman lan penggerak seni gawe ada-ada ajeg gelar sastra ing laladan Malioboro. Saiki ana telung kelompok kang wiwit ajeg gawe regeng Malioboro kathi ngunggah kagunan susastra. "Senja Bersatra di Malioboro", "Gelar Sastra Tugu" lan "Malam Sastra Malioboro". Eloke, ora mung winates sastrawan lan seniman bae kang macak lan unjuk kabisan. Para masarakat umum kang padha mampir, liwat, lan mirsani uga katuran maos susastra. **(fid)**



Erlina Hidayati, Kabid Sejarah Bahasa dan Sastra Dinas Kebudayaan, nyoba melu maca puisi (foto-fid)



Bersastra ing Malioboro (foto-fid)

Gladhen Bathik Jumputan Desa Budaya

Ibu-ibu padesan padha bebarengan ngudi kabisan gawe bathik jumputan. Padha kalatih dening Tenaga Pendamping Desa Budaya. Manggon ing Dhusun Malangrejo, Wedomartani, Ngemplak, Sleman, anggone padha gladhen jumputan kapundhut dhokumentasine dening Pemerintah DIY. Gladhen gawe jumputan iku kaampingi dening Pendamping Desa Budaya Wedomartani lan Desa Budaya Pandowoharjo, Sleman. Kepara, saiki gladhen uga wis diadani ing Desa Margodadi, Seyegan. **(fid)**



Kridhaning ibu-ibu ing Desa Wedomartani Sleman, batik jumputan (foto-fid)



Gelar Potensi Desa Budaya Sleman (foto-fid)

Gelar Potensi Desa Budaya se-DIY

Saben taun uga kagelar unjuk Potensi Desa Budaya, kanggo sarana ngatonake undhak kridhaning Desa Budaya. Ing DIY taun 2017 iki, wus ana 56 Desa Budaya ing DIY. Gelar Potensi Desa Budaya manggon ing saben Kabupaten, bareng sadina muput. Kabupaten Bantul-Kota Yogyakarta (24/9), Gunungkidul (28/9), Sleman (3) lan Kulonprogo (1/10). Gelar kaperang wujud Pameran lan wujud Pagelaran Budaya. Dene kang kagelar wujud upacara adat tradisi, kesenian, kuliner, krajinan, basa sastra lan aksara, pengobatan tradisional, permainan tradisional, cagar budaya, lan tata ruang. Saben Desa Budaya ngatonake kabisane kang cundhuk kalawan potensine. Kabeh kudu sinengkuyung dening masarakat wargane. Gelar uga kanggo aweh pratandha marang anggone para Pendamping Desa Budaya makarya ing desa dampingane. **(fid)**

Gelar Potensi Desan Budaya Gunungkidul



Gelar Potensi Desa Budaya, Bantul



Pasar Kangen

Arep jajan panganan kuno tradional, tansah cumawis. Kadang wira mudha akeh kang pada teka, nyoba icip-icip panganan kang wis langka, angel tinemu. Liyane panganan, uga akeh tontonan lan barang lawasan kang cumawis. Pasar Kangen isih ngangeni. Saben taun Taman Budaya Yogyakarta tansah ngadani Pasar Kangen ing pekarangan komplek TBY. Kaya padatan, kang padha cecawis panganan, tontonan, lan barang lawasan, para paragane langsung, kepara uga para ingkang tansah gawe lan dodolan. Legendha panganan rakyat saka saindenging DIY cumawis, suwasane uga gawe sengsem. Emane, meh kabeh panganan tradhisi wus mateng cumawis. Kamangka, urut laku panggawene wis akeh kang ora mudheng lan yektine pengin ngerti saktenanne. **(fid)**



Suwasana ing Pasar Kangen. Tumpek bleg uyuk-uyukan. (foto-fid)

Macapat Disbud DIY

Gumarenggeng suwarane, ngumandhang kembak ing laku wirama, tembang macapat mrambat nyusup ing antariksa. Setaun sepisan uga kagelar "Macapatan Massal" ing Pendhapa Dinas Kebudayaan DIY ing Jalan Cendana Yogyakarta. Cacah 500 padhemen macapat saka pelosok-pelosok DIY padha rawuh, lan bebarengan nembang. Tembange kapethik saka babon serat kang ngemu surasa lan wulang yang piguna tumrap masarakat. Dinas Kebudayaan DIY tansah ngadani gelar "Macapat" sewulan sepisan, mubeng genten genti ing kantong-kantong budaya macapat saindengin laladan DIY Eloke, gelar macapat iku tansah diadani ing wanci wengi lan kang padha dherek ora mligi kaum wredha. Akeh para mudha tumaruna kang melu gegulang ing macapat. **(fid)**



Cak-cakaning lampah macapat massal, ngganggo komposisi gerak. (foto-dok Disbud DIY)



KRT Pradjasoewasono, kang mangarsani macapatan massal (foto-dok Disbud DIY)